ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№128 (21.536) ● 2009 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 11, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

★★★★★★

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЦIыхум и узыншагъэр хъумэн IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам, я IэщIагъэм фIы дыдэу зэрыхащIыкIым икIи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Къаскъул Iэулият ФуIэд и пхъум - Налшык къалэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и муниципальнэ IуэхущIапIэ «Къалэ поликлиникэ №1»-м и дохутыр нэхъыщхьэм

Лысенкэ Нинэ Михаил и пхъум - «Урысей Жор Плъыжь» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и унафэщIым;

щIыхь зиIэ цIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»

Воробьевэ Евгение Семен и пхъум - «Май куей сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ муниципальнэ IуэхущIапIэм и поликлиникэм и педиатрие къудамэм и унафэщIым

Джаурджий Аслъэн Iэбисал и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и медицинскэ частым и унафэщIым

Къэжэр Хъусен Хьэмид и къуэм - Тэрч къалэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и «Куей сымаджэщ» муниципальнэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм,

Сэралъп Иринэ Залым-Джэрий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал IуэхущIапIэм и нэ дохутырым

Лъостэн Ларисэ Къурмэнбий и пхъум - Налшык къалэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и муниципальнэ IуэхущIапIэ «Къалэ поликлиникэ №5»-м цIыхубзхэм щакIэлъыплъ и IэнатIэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Цакоев ТIэхьир Алий и къуэм - Ташлы-Тала къуажэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и муниципальнэ IуэхущIапIэм и фельдшерым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Абазэ Сусаннэ Заудин и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм «Жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ папщIэ Налшык дэт унэ-интернат» и къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым

Кадыров Валерий Ибрэхьим и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и щIыналъэ управленэу Шэрэдж муниципальнэ куейм щиIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м
№91-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Я IэнатIэхэм къыщахьа ехъулIэныгъэхэм икIи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Къалэ Владимир Зэчий и къуэм - «Къэббалъкътурист» акционер обществэ зэIухам и генеральнэ директорым

Масловэ Галинэ Иван и пхъум - Бахъсэн къалэм «Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэ №4» щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэм

Шумахуэ Владимир Сэлмэн къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ Гуащэ театр» щэнхабзэм и къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым;

щIыхь зиIэ цIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ»

Ацкъан Руслан Хьэсбий и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист»

Теппеев Алим Абдулхьэлим и къуэм - «Кулиев Къ. и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» щэнхабзэм и къэрал IуэхущIапIэм и актерым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Андреев Виктор Андрей и къуэм - «Прохладнэ цIыху къезышэкI автотранспорт предприятэ» унитарнэ IуэхущIапIэм и водителым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист»

Бэрсэдж Мурат Мэрем и къуэм - сату IэнатIэмрэ административнэ законодательствэр зэрагъэзащIэмрэ къыщыхъу хабзэншагъэхэм ебэныныр къызэгъэпэщынымкIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Щоджэн Виталий Назир и къуэм - «ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ и колледжым и егъэджакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м
№92-УП

Хьэмгъуокъу Л.Б. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Республикэм и властымрэ управленэмрэ я органхэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Хьэмгъуокъу Леонид Башир и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и лIыкIуэу Налшык къалэ округым щыIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м
№95-УП

Ольмезов А.-Хь.М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Спорт лIыхъужьыгъэ ин зэрызэрихьам - Эверест бгым зэрыдэкIам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Ольмезов Абдул-Хьэлим Мука и къуэм** - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэм я лъэужьыр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iуащхьэмахуэ къэзылъыхъуэ, къегъэлакIуэ гупым и къегъэлакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м
№96-УП

★★★★★★

■ ДифI догъэлъапIэ ■ Тхыдэ ■ Спорт
КЪЭБЭРДЕЙ
■ ТВ, радио нэтынхэр — Щэбэт къыдэкIыгъуэ — ■ Малъхъэдис

Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщIэм хэхъуэн папщIэ

КъБР-м и тыгъэ нэхъыщхьэр Къанокъуэ Арсен Ольмезов Абдул-Хьэлим иретт.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен Указ къыдигъэкIащ КъБР-м щыщу дунейм и бгы нэхъ лъагэ Эверест япэу дэкIыфа бгы къегъэлакIуэ икIи альпинист Ольмезов Абдул-Хьэлим ди республикэм и тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - ЩIыхь тхылъыр - зэрыхуагъэфэщам теухуауэ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI **Хьэгуарэ Джамилэ** хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм а Iуэхугъуэр хэIущIыIу ищIащ, Эверест дэкIар Правительствэм и Унэм щригъэблэгъам. ЗэIущIэм хэтащ республикэм и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**.

Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и альпинистым спорт лIыгъэшхуэ зэрызэрихьар: «Ди республикэм, абы и пщIэм хэхъуэн папщIэ ар хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ, - жиIащ Президентым. - ГурыIуэгъуэщ ар гугъуу икIи псэзэпылъхьэпIэу зэрыщытар. Къэбэрдей- Балъкъэрым щыпсэухэр я лъахэгъуэм иригушхуэфынущ».

Ольмезов Абдул-Хьэлим езым къыбгъэдэкIыу Къанокъуэ Арсен хуэфэщэн тыгъэ - метр 8848-рэ зи лъагагъ бгым щыIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ныпыр - хуищIащ. Гулъытэ хэха зэригъуэтам папщIэ фIыщIэ ищIри, абы жиIащ КъБР-м и альпинизмэмрэ туризмэмрэ зауэжын щхьэкIэ лъэкI къызэримыгъэнэнур икIи абыкIэ республикэм и унафэщIхэм зыкъыщIагъэкъуэну зэрыщыгугъыр. «Дунейм метр мини 8 нэхърэ нэхъ лъагэу бгы 14 щыIэщ икIи альпинизмэмкIэ ди гъэсэнхэм иджыри лэжьыгъэ я куэдщ, - жиIащ Ольмезовым. - Абы къыхэкIыу спортсменхэр гъэхьэзырын хуейщ, щIалэгъуалэм гулъытэ хэха хуэщIауэ».

«Тыгъэ къызэрысхуэпщIамкIэ фIыщIэ пхузощI. СызэригугъэмкIэ, КъБР-м искъым апхуэдэ зиIэ, - къыпыгуфIыкIащ Президентыр. - Музейм естынщ - ар ди тхыдэм и зы Iыхьэщ. ДэIэпыкъуэгъу фыхуеймэ, жыфIэ, Iэмал имыIэу дывдэIэпыкъунщ икIи зэгъусэу а Iуэхугъуэхэр зэфIэдгъэкIынщ.

ЗэIущIэм и кIэухым абы хэтахэм зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ.

Куейм щыпсэухэм ядоIэпыкъу

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен бадзэуэгъуэм и 8-м Iуащхьэмахуэ район администрацэм и хэщIапIэм цIыхухэр я щхьэ IуэхукIэ щригъэблэгъащ.

А МАХУЭМ республикэм и УнафэщIым лъэIукIэ зыхуагъэзащ Тырныауз къалэм, Эльбрус, Терскол поселкэхэм, Гундэлэн, Былым, Бахъсэн Ипщэ къуажэхэм щыщу 27-м. ЛъэIухэм я нэхъыбэр псэупIэмрэ щIымрэ ехьэлIащ икIи абыхэм ящыщ зыри Президентым гулъытэншэу къигъэнакъым.

- ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм яхуэзэныр, защIэгъэкъуэныр властым и къалэнщ. Сэ нобэ згъэунэхуащ абы цIыхухэр зэрыхуэныкъуэр. Куэд дыдэ хуэдмыщIэфми, дадэIэпыкъун, дэтхэнэми депсэльэн, зыгъэпIейтейхэр зэдгъэщIэн хуейщ. Абы бэмрэ властымрэ зэрешалIэ, - къыхигъэщащ Къанокъуэ Арсен.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен бадзэуэгъуэм и 9-м Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я зэIущIэ.

АР КЪЫЩЫЗЭIУИХЫМ республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ мыр творческэ гупхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я етхуанэ зэхыхьэу зэрыщытыр.

- Нобэ фыкъедгъэблэгъащ фи лэжьэкIэм, фи Iуэхухэр зыIутым, фызыгъэпIейтейхэм кууэ зыхэдгъэгъуазэу, дызэрывдэIэпыкъуфыну щIыкIэр дгъэбелджылын мурадкIэ. Журналистхэм я союзыр республикэм и творческэ зэгухьэныгъэхэм я нэхъ ин дыдэщ икIи информацэ политикэ тэмэм убзыхуным, ар пхыгъэкIыным, жылагъуэмрэ властымрэ нэхъри зэшэлIэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и сэбэп зыхэлъхэр хъумэным хуэунэтIауэ абы и пщэм къалэнышхуэ дыдэ къыдохуэ. Дэри ар къыдгуроIуэ, - жиIащ Президентым.

КъБР-м и Журналистхэм я союзым и унафэщI **Мэзыхьэ Борис** и докладыр триухуащ я зэгухьэныгъэм и IуэхущIафэр зыхуэдэмрэ дяпэкIэ нэхъыщхьэу къапэщытхэмрэ.

Апхуэдэу зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лIыкIуэ **Боттаев Мухътар,** «Налшык» ОРТК-м и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир,** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бизнес-инкубатор» къэрал IуэхущIапIэм и Iэтащхьэ **Ащхъуэт Анзор,** «Майские новости» район газетым и редактор нэхъыщхьэ **Юрченкэ Наталье** сымэ.

Къанокъуэ Арсен ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэм къалэн щищIащ зэхыхьэм щыжаIа псори зэпкърихыу хэкIыпIэфIхэр къигъэлъэгъуэну.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Iэтащхьэ **Чеченов Ануар,** республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ,** иригъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

Зыгъэпiейтейхэр ябзыху

(The heading above belongs with the preceding article.)

КъБР-м и Парламентым

ЩIыхь тхылъхэр ират

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩIыхь тхылъхэр щратыжащ республикэм и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм зыхуигъэфэща цIыхухэм. Ахэр щолажьэ КъБР-м и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

ЩIЫХЬ тхылъхэр зыхуагъэфэща цIыху 34-р иригъэблэгъащ Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Жаным Руслан.** Ар хьэщIэхэм гуапэу ехъуэхъуащ икIи фIыщIэ яхуищIащ псэ хьэлэлкIэ я лэжьыгъэм зэрыпэрытым папщIэ. ИужькIэ абы, Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэхэу **Саенкэ Татьянэрэ Бозий Натбийрэ** и гъусэу, къеблэгъахэм ЩIыхь тхылъхэр IэщIалъхьэжащ. Апхуэдэр зыхуагъэфэщам ящыщщ КъБР-м и мэкъумэш IэнатIэм, предприятэхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, щIэныгъэ егъэгъуэтыным, щэнхабзэм, МВД-м, УФСИН-м щылажьэхэр. Республикэм и хэхакIуэ комиссэм и лэжьакIуэ зыбжанэми иратащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр.

ЗэIущIэм и кIэухыу Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэхэр тхылъ зратахэм иджыри зэ гуапэу ехъуэхъуащ, адэкIи Къэбэрдей-Балъкъэрыр ефIэкIуэн папщIэ Iуэхугъуэ дахэхэр ялэжьыным зэрыщыгугъхэр къыжаIащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, хьэщIэхэмрэ депутатхэмрэ зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

КъБР-м и Правительствэм

ЗэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэ зэхэтащ бадзэуэгъуэм и 9-м. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат.

ЗЭIУЩIЭМ Iуэхугъуэ 15-м щIигъум щыхэплъащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, КъБР-м и Правительствэм и унафэ зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ къэпсэлъахэщ экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министр **Мусуков Алий,** къэрал мылъкумрэ щIым и гъэтIылъыгъэхэм унафэ яхуэщIынымкIэ министр **Сэхъу Мухьэмэд,** Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъукъащIэ шынагъуэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Шагин Сергей**сымэ.

АдэкIэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэхэм коррупцэм ебэныным теухуа программэхэр щыгъэзэщIэным тепсэлъыхьащ министрхэу **Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ Бицу Вадимрэ.** КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр **АфэщIагъуэ Михаил** Правительствэм и унафэ зыбжанэм къару ямыIэжу къэлъытэным теухуауэ къыхилъхьахэри даIыгъащ.

ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм и бжыгъэр гъэувыным, 2009 - 2011 гъэхэм лэжьыгъэр хъумэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ящIэр зэIущIэм щыжиIащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт.**

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Махуэ лъапIэм зыхуагъэхьэзыр

Иджыблагъэ Налшык къалэ щекIуэкIащ СССР-м Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэр къызэрыщихьрэ илъэс 65-рэ зэрырикъур ди щIыналъэм зэрыщагъэлъэпIэну щIыкIэм теухуа зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ ДыщэкI Мадинэ.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIат министрхэмрэ муниципальнэ куейхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ.

Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен ищIа унафэм ипкъ иткIэ, текIуэныгъэр илъэс 65-рэ зэрырикъур Iэтауэ ягъэлъэпIэнущ, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэным хухэхауэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэри зэфIахынущ.

ДыщэкIым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэр а махуэшхуэм пежьакIэщ. Псалъэм папщIэ, иджыблагъэ КъБР-м къыщрагъэблэгъащ Ростов областым и Мартын куейм и лIыкIуэхэр. ЗэрытщIэщи, 1942 гъэм и шыщхьэIу мазэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм лIыгъэшхуэ игъэлъагъуэу а щIыналъэм щиIыгъащ Сталинград ебгъэрыкIуэ нэмыцэдзэр.

Апхуэдэу ДыщэкIым къыхигъэщащ 115-нэ шууей дивизэм хэта зауэлIхэм я фэеплъ сын 2010 гъэм зэрагъэувынур. Куей администрацэхэм я Iэтащхьэхэм жраIащ а махуэшхуэр хуэфащэу гъэлъэпIэным иджыпсту щыщIэдзауэ зы-хуэгъэхьэзырын зэрыхуейр. А псоми и нэIэ тригъэтынущ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ХЬЭПЭ Маринэ.

ТхылъыщIэ



«Насыпым и Iуащхьэ»

Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик Пащты Герман и гуащIэмрэ и гъащIэ гъуэгуанэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжа тхылъ иджыблагъэ Красноярск къыщыдэкIащ.

«Насыпым и Iуащхьэ» фIэщыгъэцIэр зиIэ тхылъыр игъэхьэзыращ журналист Майстренкэ Валентинэ, редактор къалэнхэр игъэзэщIащ Винская Людмилэ, чэнджэщэгъуу щытащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

ТХЫЛЪЫР бзэ дахэкIэ тхащ, удихьэхыу укъоджэ. Абы къыщыгъэлъэгъуэжа «Пащтым и дунейр» плъыфабэщ: зэхэщIыкI гуэр иIэу ича лъэбакъуэм деж къыщыщIедзэри, нобэ здынэса лъагапIэм зэрыхуэкIуар фIы дыдэу уи нэгу къыщIегъэхьэ.

Налшык, Дон Iус Ростов, Львов, Москва, Красноярск, нэгъуэщI къалэхэми кIуэцIрокI Герман и гъуэгуанэр, дэтхэнэми и тхыдэм абы и цIэр къыхэнащ, езы сурэтыщIми а щIыпIэхэм епха гукъэкIыж IэфIхэр и куэдщ.

Мы тхылъым уеджэмэ, фIы дыдэу къыбгурыIуэнущ Пащтым и IэдакъэщIэкIхэм къыщыгъэлъэгъуа теплъэгъуэхэм лъабжьэ яхуэхъур. ГъэщIэгъуэну къыщыIуэтэжащ ди къэралым и цIыху цIэрыIуэхэмрэ сурэтыщIымрэ зэпызыщIэ ныбжьэгъугъэм и къежьапIэр.

Ди къэралым щыяпэ дыдэу ксилографиемкIэ (пхъэм гравюрэ тещIэн) студие къызэзыгъэпэщар Пащты Германщ. «Апхуэдэ Iуэхур къыщетхьэжьэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжар а лэжьыгъэм и пIалъэ зыщIэ IэщIагъэлIхэр зэхуэтшэсу, абыхэм я Iэзагъэм хэдгъэхъуэнырщ, ксилографием ди къэралым зыщедгъэубгъунырщ», - щыжеIэ «Насыпым и Iуащхьэм» Пащтым. А мурадыр къазэрехъулIам и щыхьэтщ апхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэм цIыхухэр гуапэу къызэрыпэджэжыр, и гъэсэнхэм дипломхэр, саугъэтхэр къызэрыхуагъэфащэр.

СурэтыщIым Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ я тхыгъэхэм яхуищIа сурэтхэр къызэрыхихам, я тхылъхэр IэдакъэщIэкIхэмкIэ зэригъэщIэращIам теухуа и гукъэкIыжхэри мы къыдэкIыгъуэм къыщывгъуэтынущ.

Апхуэдэу тхылъым итщ Герман и IэдакъэщIэкIхэмрэ я унагъуэ сурэтхэмрэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Уэшхым и зэранкIэ

Дыгъуасэ жэщым Москва къыщешха уэшхышхуэм къалэ уэрамхэм транспортыр сыхьэт бжыгъэкIэ щызэтригъэувыIат.

Апхуэдэ уэшхышхуэм Москва къыщытригъэзэжыну синоптикхэм жаIэркъым, ауэ Кавказ Ищхъэрэм уэлбанэм щыщIидзагъащIэу хуагъэфащэ. Псалъэм папщIэ, Москва къыщешхам нэхърэ зыкIи нэхъ тIасхъэтэкъым дыгъуасэ Пятигорск уэ хэту щешха уэшхыр.

Зэи къэмыхъуауэ

Италием и Аквилэ къалэм щекIуэкI «G-8» зэIущIэшхуэм и ещанэ махуэм щытепсэлъыхьахэщ гъаблэ щымыгъэIэным, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, Африкэм зегъэужьыным пыщIа IуэхугъуэхэмЯ.

А зэIущIэм хэтащ къэрал унафэщIхэри, зэфIэкIышхуэ зиIэ дунейпсо организацэхэри, ООН-мрэ Дунейпсо Ахъшэ ХъумапIэмрэ абыхэм яхэту. КъищынэмыщIауэ, а зэIущIэм иджыри къэрал 30-м я лIыкIуэхэр иригъэблэгъащ. Ар «G-8»-м и тхыдэм зэи къыщымыхъуа Iуэхугъуэщ. Апхуэдиз къэрал щIрагъэблэгъам иIэр зы щхьэусыгъуэщ: гъуэзу хьэуам хыхьэм щIыуэпсыр ирегъэкIакIуэ. АбыкIэ нэхъыщхьэу лэжьын хуейхэр я пщэ далъхьэжащ къэрал нэхъ зызыужьахэм.

IуэхущIапIэр къагъауэ

Испанием и щIыналъэм хыхьэ баскхэм я къэралым властыр щызыIыгъ социалист партым я IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм дыгъуасэ жэщым бомбэ къыщыуащ.

ХэкIуэда, уIэгъэ щыIэкъым, ауэ унэр зэхикъутэри, мылъкукIэ хэщIыныгъэшхуэхэр партым игъуэтащ.

Баскхэм я социалистхэр Iэ IэткIэ хахыу властым зэрыхуэкIуэрэ апхуэдэуи куэд щIакъым. А Iуэхугъуэм кIэ иритащ Испанием гуэтыну зымыдэ националист партым илъэс 30-кIэ иIыгъа тепщэгъуэм. Абы къадэщI «ЭТА» экстремист организацэм зэтэкъым къызэрыхигъэщар Испанием и властым екIужа унафэщIхэм я лэжьыгъэмкIэ зэрымыарэзыр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, хьетхэмрэ хьэтхэмрэ я къэралыгъуэр лъэлъэжа иужь, абы къатепщIыкIыжауэ, лъыкIэ зэблагъэу лъэпкъищ къэунэхуащ: адыгэхэр, абхъазхэр, баскхэр.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 11, щэбэт

◆Бадзэуэгъуэм и 11 - 16-хэм Шарм-эш-Шейх (Мысыр) щызэIущIэнущ зыми гухьэну хуэмейхэм я зэщIэхьееныгъэм (ДН) хэт къэралхэм я Iэтащхьэхэр.

◆Бадзэуэгъуэм и 11 - 16-хэм Венэ (Австрие) щекIуэкIынущ Альцгеймер и узыфэмкIэ ассоциацэм и зэIущIэ.

◆Илъэси 136-рэ и пэ къалъхуащ адыгэ щIэныгъэлI, узэщIакIуэ, хэкулI, тхыдэтх, «Къэбэрдей лъэпкъым и тхыдэм теухуауэ» тхылъыр 1913 гъэм Киев къыщыдэзыгъэкIа **Къудащ Елбэздыкъуэ** (1863 - 1946). Нью-Йорк дунейм щехыжри, абы щыщIалъхьэжащ.

◆**Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 35-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 49-м.**

◆**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 14-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 12, тхьэмахуэ

◆**Урысей пощтым и мах уэщ**

◆**Бдзэжьеящэм и махуэщ**

◆Литвам и президентыщIэ Грибаускайте Дали и къулыкъум пэрыувэнущ.

◆1641 гъэм Астрахан хъаныдзэм Балъкъ и деж щригъэкIуэкIа зауэм хэкIуэдащ Къундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.

◆**Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 35-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 48-м.**

◆**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 13-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 13, блыщхьэ

◆ **Черногорие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - къэралым и махуэщ.** Ар тхыдэм и IуэхугъуитIым епхащ: 1878 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Берлин конгрессым Черногорием къэрал щхьэхуиту къыщалъытащ; 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м фашист зэрыпхъ уакIуэхэм пэщIэувэу, къэралым зыкъиIэтащ.

◆ Бадзэуэгъуэм и 13 - 31-хэм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ Комитетым и 96-нэ сессиер.

◆ Венэ (Австрие) парламентхэр зэгуэзыгъэхьэ союзым и жэрдэмкIэ щекIуэкIынущ парламент унафэщIу лажьэ цIыхубзхэм я V зэIущIэ.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 36-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 48-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 12-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩIэр зозауэри, жьыр зочэнджэщ.

ЗэфIагъэкIахэр зэхалъхьэж, къалэнхэр ягъэнаIуэ

● ЗэIущIэхэр

Ди газетым зэрытетащи, республикэм и УнафэщI Къанокъуэ Арсен бадзэуэгъуэм и 7-м иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж ХьэрычэтыщIэ IуэхухэмкIэ щыIэ советым и зи чэзу зэIущIэр. Ар теухуауэ щытащ хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ кредитхэр зэрыхухах щIыкIэм зэрызиужьымрэ а IэнатIэхэм защIэгъэкъуэным тещIыхьа муниципальнэ программэхэр гъэзэщIа зэрыхъумрэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым кризисым пэщIэтыным теухуа Iуэхугъуэ зыбжанэ щагъэзащIэ. Къапщтэмэ, Урысейм и Ипщэ щIыналъэм щынэхъ инхэм ящыщ бизнес-инкубатор ди деж щолажьэ, иджыри апхуэдитI щаухуэ. Илъэс етIуанэ хъуауэ унафэщI лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным теухуа программэр догъэзащIэ. Абы ипкъ иткIэ, цIыху 25-м Европэм и бизнес-еджапIэ нэхъыфIхэр къаух, фокIадэ мазэм иджыри 50 едгъэжьэнущ, - къыхигъэщащ **Къанокъуэ Арсен** зэIущIэр къыщызэIуихым. - Властым и органхэмрэ бизнесымрэ я IэнатIэхэм жыджэру къыхэтшэн папщIэ, программэм хэта псори кадрхэмкIэ резервым хэдгъэхьэнущ. Мы Iуэхум фэрыщIагъ гуэри къыхэдгъэкIынукъым.

ИужькIэ зэхыхьэм щедэIуащ хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ кредитхэр зэрыхухах щIыкIэм зэрызиужьым теухуауэ Урысей Федерацэм и ХъумапIэ банкым и щIыналъэ къудамэмрэ «Налшык» банк ООО-мрэ я унафэщIхэу **Урысбий Хьэмидбийрэ Эндреев Борисрэ** жаIам.

Урысбий Хьэмидбий къызэригъэлъэгъуамкIэ, мы зэманым IэнатIэ мыину 2100-м, щхьэзакъуэрылажьэу 1400-м я банкым и Iуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэп. 2006 - 2009 гъэхэм кърихубыдэу хьэрычэт IэнатIэ мыинхэм сом мелард 12 кредиту хухахащ.

- Нэгъабэ жыджэру яужь дитащ, ахъшэ Iэрылъхьэ хэмыту, кассэ IэмалкIэ расчет щIыным иIэ ефIэкIыныгъэхэр цIыхухэм къазэрыгурыдгъэIуэным, а щIыкIэм тету ди Iуэхутхьэбзэхэм къызэрыхэтшэным.

Иужьрей зэманым Урысейм и ХъумапIэ банкым и норматив тхылъхэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр халъхьащ. Абыхэм япкъ иткIэ, IэнатIэ мыинхэмрэ щхьэзакъуэрылажьэхэмрэ я нэхъыбэм дяпэкIэ щIыхуэхэр нэхъ тыншу къахуэщтэнущ, - жиIащ къэпсэлъам.

Банкым и унафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, хьэрычэт Iуэху мыиным и зыужьыныгъэр зэтезыIыгъэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ бизнесым и план гъэпсыкIэм зэрыхамыщIыкIыр, абы и убзыхукIэм иджыри тэмэму зэремысар. Иужьрей илъэсхэм къэралым гулъытэ хэха хуещI хьэрычэт Iуэху мащIэм лъэныкъуэ куэдхэмкIэ защIэгъэкъуэным теухуа Iэмалхэр къызэригъэсэбэпыным. Къапщтэмэ, КъБР-м и къалэ, район псоми муниципальнэ фондхэр щолажьэ. Нэгъабэ и закъуэ республикэ бюджетым и хьэкъкIэ къаща кредитхэм техьэ процентхэм ящыщу сом мелуан 27-рэ, мы гъэм мелуан 18 хуатыжащ.

- Ди банкми экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министерствэми ар хэкIыпIэфIу къыдолъытэ, сыту жыпIэмэ, щIыхуэхэр нэхъ тегушхуауэ къагъэсэбэпурэ, хьэрычэт Iуэхум нэрылъагъуу зрегъэужь. А Iэмалри, нэгъуэщI хэкIыпIэхэри зэредгъэфIэкIуэнум дяпэкIи яужь дитынущ, - жиIащ Урысбий Хьэмидбий.

«Налшык» банк ООО-ри мы Iуэхум жыджэру хэтщ. Абы и унафэщI Эндреев Борис къызэригъэлъэгъуамкIэ, я банкри республикэм и куейхэм щаIэ къудамэхэри IэнатIэ мыинхэм хъарзынэу ядолажьэ. ЩIыхуэхэр илъэсищ пIалъэкIэ ярет.

- Зыри дгъэпIащIэркъым, ауэ ар къэзыщтар хуитщ щыхуей дыдэм нэхъ пасэу кредитыр ипшыныжыну. 2008 гъэм хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ сом мелуан 827-рэ яхухэтхащ. Ар ипэ ита илъэсым елъытауэ мелуан 306-кIэ нэхъыбэщ.

ХьэрычэтыщIэ Iуэхур къэралым зэрыдиIыгъым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы теухуауэ мы гъэм и щIышылэм республикэм къыщащта законыр гъэзэщIэным ди къарур етхьэлIэнущ, - жиIащ Эндреевым.

Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и унафэщI **Пархоменкэ Юлиерэ** Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Абэзэхэ МэчрэIилрэ** зэхыхьэм щызэпкърахащ хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIумрэ курытымрэ защIэгъэкъуэным теухуа программэхэр я щIыпIэхэм гъэзэщIа зэрыщыхъур.

Пархоменкэ Юлие зэрыжиIамкIэ, иджыпсту къалэм щыIэщ хьэрычэтыщIэ IэнатIэ мыину 351-рэ. Щхьэзакъуэрылажьэхэр 2116-рэ мэхъу. Нэгъабэ бизнес-центр, тыкуэн 46-рэ, сату щащI павильони 9, аптекэ, парикмахерскэ къызэIуахащ, цIыху 300-м щIигъум IэнатIэ иратащ.

ХьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIухэм бюджет лIэужьыгъуэхэм сом мелуан 71-рэ мин 29-рэ, мы гъэм и япэ мазищым мелуани 6-рэ мин 19-рэ халъхьащ.

- Мы зэманым догъэзащIэ «2007 - 2011 гъэхэм Прохладнэ къалэ округым хьэрычэтыщIэ IэнатIэ мыиным зэрызыщиужьынумрэ ар зэрыщыдэIэпыкъунумрэ» муниципальнэ программэ хэхар. ХьэрычэтыщI Iуэху цIыкIум мылъкукIэ зыщIэзыгъакъуэ муниципальнэ фондрэ «Прохладнэ» кредит потребительскэ кооперативрэ диIэщ. Ахэр щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Къалэм дэт банкхэм нэгъабэ IэнатIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ кредиту 160-м хуэзэу сом мелуан 292-рэ мини 150-рэ, илъэсым и япэ мазищым кредит 95-м пэкIуэу мелуани 121,5-рэ хухахащ. 2008 гъэм КъБР-м и Президентым деж ХьэрычэтыщIэ IуэхухэмкIэ щыIэ советым арэзы щытехъуауэ щытащ сом зы мелардрэ мелуан 250-рэ и уасэ инвестицэ проект ину 2-м. Ахэр нэсу гъэзэщIэн щIадзэмэ, цIыху 760-рэ лэжьапIэкIэ къахузэгъэпэщынущ.

Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Абэзэхэ МэчрэIил и докладым зэрыщыжиIамкIэ, мы зэманым я куейм хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIуу 101-рэ щыIэщ, абыхэм цIыху 1095-рэ егъэбыдылIащ. Щхьэзакъуэрылажьэхэр 1030-м ноблагъэ. Зэщхьэщыхауэ къапщтэмэ, хьэрычэтыщIэ IэнатIэ мыиным щылажьэхэм я процент 52,1-р мэкъумэш хозяйствэм, 10,2-р промышленностым, процент 20,5-р сатум хуозэ.

- Мы зэманым районым щагъэзащIэ сом мелардi 9-рэ мелуан 575,1-рэ и уасэ инвестицэ проекту 25-рэ. Абыхэм IэнатIэщIэу 1419-р къыдатыну дыщогугъ. 2008 гъэмрэ мы илъэсым и япэ мазищымрэ хэлъхьэныгъэхэм щыщу сом зы мелардрэ мелуан 223,8-рэ къэдгъэсэбэпащ, цIыху 233-м лэжьыгъэ еттащ, - къыхигъэщащ абы.

Абэзэхэ МэчрэIил республикэм и унафэщIхэм лъэIукIэ захуигъэзат Iэщ гъэхъуным зегъэужьыным теухуауэ ягъэхьэзыра инвестицэ проекти 6-р даIыгъынуи, абыкIэ къагъэгугъащ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** шэсыпIэ фондыр зэраубзыху щIыкIэм зэхуэсахэр хигъэгъуазэри, Советым и протокол унафэхэр зэрагъэзащIэм кIэщIу къытеувыIащ.

ЖаIахэр зэхалъхьэжа нэужь, зытепсэлъыхьахэм теухуа унафэ къащтащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федерал инспектор **Канунников Владимир,** министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.



● ЩIалэгъуэ

Элинэ адыгэ фащэр йокIу.
Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

● Дифl догъэлъапIэ

ХэкулI нэс

Политик икIи юрист цIэрыIуэ Абазэ Руслан и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, хьэлщэн екIу, жэрдэмышхуэ зиIэ а лIыр сыт щыгъуи жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэ пэрыту, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэкIуэнум хуэлажьэу къокIуэкI. Аращ ар цIыхухэм фIыуэ щIалъагъур. Абы и пщIэр зы махуэм зригъэгъуэтакъым - и гъащIэм и дэтхэнэ зы махуэри республикэм щыпсэу цIыхухэм щхьэузыхь хуещIыр, сыт хуэдэ IэнатIэми гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ бгъэдэту, ифI цIыху куэдым иригъэкIыу мэлажьэ.

АБАЗЭ Руслан Исмел и къуэр 1939 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м Тэрч куейм хыхьэ Ботэщей (Плановскэ) къуажэм къыщалъхуащ. Абы къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, нэрылъагъу мэхъу ар гъащIэр зэдэхащIэу къэгъуэгурыкIуа цIыхуу зэрыщымытыр. И сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм, зауэ нэужьым и зэман хьэлъэм хиубыдэри, пасэу гугъуехьыр зыхищIащ. И адэ Исмел зауэ училищэр къиухати, лейтенанту занщIэу зауэм кIуащ. Илъэс иримыкъу дэкIауэ, 1942 гъэм, уIэгъэ хьэлъэ хъуащ икIи Налшык къашэжри, госпиталым щIэлъащ. УIэгъэр мыкIыжыпауэ, а зэманым нэмыцэм пэщIэува 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуей дивизэм хагъэхьащ. А шуудзэм хэта цIыху куэдым хуэдэу, нобэр къыздэсым абыи и кIуэдыкIэ хъуар ящIэркъым...

А зэманым Руслан и ныбжьыр илъэситI, и къуэш Жорэ илъэсиплI хъууэ арат. Я адэр ящхьэщымытами, зэкъуэшитIыр анэ гулъытэм и IэфIагъыр зыхащIэу къэхъуащ. Сабийхэм я анэ ФIыцIэ (и анэшыр Фанзийхэщ) и щхьэгъусэм хиша гъуэгу пэжым тету и къуэхэр къызэригъэхъуным и гъащIэр тыхь хуищIащ. Я адэ къуэш Инали и нэIэ къатригъэту къэхъуащ зэкъуэшитIыр.

Руслан и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, абы и лэжьэкIэм, цIыху хэтыкIэм хуэдэ щапхъэ гъуэтыгъуейщ. Плановскэ курыт школыр 1957 гъэм къиухри, щIалэщIэр къызэрыгуэкI лэжьакIуэу Ассинскэ станицэм (Ингуш Республикэ) дэт консерв заводым уващ, иужькIэ къуажэ колхозым илъэситIкIэ хэтащ, 1960 - 1962 гъэхэм Тэрч къалэ киномеханикыу щыIащ, 1962 - 1965 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. Абы и ужькIэ ар илъэскIэ монтеру щылэжьащ электричествэмкIэ Тэрч къалэ дэт участкэм.

1966 гъэм Руслан щIэтIысхьащ Дон Iус Ростов къалэм дэт къэрал университетым и юридическэ факультетым. Школыр къызэриухрэ илъэс зыбжанэ дэкIа пэтми, еджэным зи гур хуэпабгъэ щIалэм, япэ зыри иримыгъэщу, ехъулIэныгъэ ин иIэу университетыр къиухащ. А илъэсхэм убзыхуа хъуащ абы и хьэл-щэныр, дуней тетыкIэмрэ цIыху хэтыкIэмрэ. ГъащIэм и плъыфэ куэд зи нэгу щIэкIа щIалэ Iэдэбыр сыт худэ гуп хэхуами ерыщу, гугъу зригъэхьу лажьэрт, ехъулIэныгъэ иIэу зыхыхьэм яхэтт. Абы и щыхьэтщ унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ Абазэм къыхуагъэфэща щIыхь тхылъхэр.

1971 гъэм, университетыр къиуха иужь, стажеру къыщIидзэри Руслан лэжьащ Налшык прокуратурэм и следователу, следователь нэхъыщхьэу, Бахъсэн куейм и прокурору, КъБР-м и прокуратурэм и следственнэ къудамэм и унафэщIу, КъБР-м и прокурорым и къуэдзэу, республикэм и прокурору.

Абазэм и пщIэр зыIэтар и псэемыблэж лэжьыгъэмрэ и цIыхугъэ лъагэмрэщ. Ар илъэс 27-кIэ пэрытащ прокуратурэ лэжьыгъэм. А илъэсхэр тынштэкъым, гъащIэм и къэхъукъащIэхэм псынщIэу захъуэжырт. Руслан а зэманым егугъуащ законыр республикэм, къэралым щагъэзэщIэныр, ар псоми я зэхуэдэ къалэну щытыныр къызэгъэпэщыным, цIыхум и хуитыныгъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи хъумэным. Хабзэхъумэ IуэхущIапIэ псоми (прокуратурэм, судым, милицэм) ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ, зэгурыIуэу ахэр зэбгъэдэтынымкIэ абы зэфIигъэкIахэр мащIэкъым. Абазэм и пщэрылъхэр щигъэзащIэкIэ, хущIэкъурт унафэ зытрищIыхь Iуэхухэм я захуагъэм зыми шэч къытримыхьэным. Псом япэ иригъэщхэм ящыщт ди республикэр законыр щытепщэ щIыналъэ щIыныр.

Прокурорым и зэпIэзэрытагъыр, и псалъэр зэригъэпэжыр, зэфIэкIышхуэ зэриIэр зылъэгъуахэм я псэр нэхъри Абазэ Руслан кIэрыпщIат – абы и псалъэр тIу ямыщIу я лэжьыгъэр ирахьэкIырт. Ар цIыху жыджэрт, жэрдэмщIакIуэт, унафэщI хъарзынэт. Абы фэрыщIагъ, Iужажагъыр илъагъу хъуртэкъым, цIыхум хуиIэ щытыкIэр зэлъытар и пэжагъымрэ лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэмрэт.

Абазэ Руслан

ЦIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэным сыт щыгъуи гулъытэ хуищIырт икIи мыхьэнэшхуэ иритырт Абазэм. Абы и лъэныкъуэкIэ Руслан сыт щыгъуи ткIийуэ и нэIэ тригъэтащ лэжьыгъэм, псэупIэм, пенсэ Iуэхухэм ехьэлIа законодательствэр къызэпаудыныр къэмыгъэхъуным.

1998 гъэм Абазэ Руслан КъБР-м Жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым и секретару ягъэуващ. ИлъэситхукIэ пэрытащ ар а лэжьыгъэ гугъум. А илъэсхэм абы лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ республикэм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, зекIуэ хабзэхэм тету лъэпкъхэр, цIыхухэр мамыру зэдэпсэуным теухуауэ.

ГъащIэм къыдэунэху гугъуехьхэм республикэр, цIыхухэр къыхэшынымкIэ хузэфIэкI ищIэу, псэукIэр ефIэкIуэнымкIэ хэкIыпIэфIхэр къигъуэтурэ лэжьа Абазэ Руслан а къулыкъум щыпэрытам хэплъащ щэ бжыгъэкIэ яIэрыхьа тхьэусыхафэхэм. Абы и фIыгъэкIэ хэпщIыкIыу ягъэмэщIащ улахуэхэмкIэ зэтрихьа щIыхуэр, коррупцэм ебэнынымкIи Iуэху щхьэпэхэр зэфIахащ.

2003 гъэм Абазэр КъБР-м и Парламентым и депутату хахащ икIи хабзэубзыху комитетым и унафэщI къулыкъури къыхуагъэфэщащ. 2009 гъэ пщIондэ цIыхубэм я дзыхь кърагъэзу ар республикэ Парламентым щылэжьащ. А IэнатIэри хъарзынэу ирихьэкIащ абы. И пщэ къыдэхуэ къалэныр дагъуэншэу зэфIэзыхыу еса Абазэр зыпэрыува лэжьыгъэми фIыуэ щыгъуазэт - ар КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 12-нэ зэхыхьэгъуэм (1990-1993) и депутату щытащ, зыпэрыта IэнатIэхэми пыщIэныгъэ Парламентым хуаIащ.

ЗыщIегъэх имыщIэу сыт щыгъуи нэгъэсауэ зи пщэрылъхэр зэфIэзых Абазэм зэман кIэщIым зыкъигъэлъэгъуащ зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI, зи Iуэху еплъыкIэр ехьэкI хэмылъу утыкум щызыгъэф депутату.

Руслан и гъащIэ псор хуэунэтIауэ щытащ хабзэ щыIэхэр гъэбыдэным, унафэ щыIэм тету псэу къэралыгъуэ ухуэным. Ар жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр щызэхалъхьэм, КъБР-мрэ УФ-мрэ я Федеративнэ зэгурыIуэныгъэр щагъэхьэзырым.

«Къэралым и пщIэр елъытащ хабзэ зекIуэхэр цIыхухэм зэрагъэзащIэм. Хабзэхэр ягъэзэщIэн папщIэ властым и пщIэр нэхъ ин, и къарур нэхъ лъэщ зэрыщIыным хущIэкъун хуейщ. Ар апхуэдэу щыхъунур сыт хуэдэ властри цIыхубэм щыхуэлажьэм дежщ», - жеIэ Руслан.

Абазэм адыгэбзэ дахэ Iурылъщ, узыIэпишэу узрегъэдэIуэф, цIыху Iэдэбщ, гушыIэкIэ дахэ хэлъщ. Руслан лъэпкъым хуэщхьэпэну дэтхэнэ зы Iуэхуми хуабжьу щогуфIыкI. Абы и сэбэп зэкIахэр мащIэкъым, зэрыгушхуэн гъэсэнхэри куэду иIэщ. Ахэр ди республикэм и мызакъуэуи, нэгъуэщI щIыпIэхэми ехъулIэныгъэ яIэу щолажьэ.

Сэ махуэ къэс си нэгу щIокI Руслан къыдэлэжьахэм пщIэрэ щIыхьу къыхуащыр зэрыхуэдэр, ар фэрыщIагъыншэу фIыуэ къызэралъагъур. Абыхэм сэлам къыщрахкIэ гуапэу IэплIэ къыхуащI, мызэ-мытIэу зэхэсхащ абы зэфIиха IуэхуфIхэр ягу къагъэкIыжу фIыщIэ къызэрыхуащIыр. Iэмал иIэкъым абы уримыгушхуэнкIэ, уи щхьэр лъагэу умыгъэIэтынкIэ.

КъБР-м и прокуратурэм и къудамэм и унафэщI, юстицэм и чэнджэщакIуэ нэхъыжь Мэсей Аскэр гуапэу игу къегъэкIыж Руслан зэрыдэлэжьа илъэсхэр. «Цlыхугъэшхуэ зыбгъэдэлъ, лэжьыгъэм фIы дыдэу хэзыщIыкI, псалъэмакъыншэу икIи гукъыдэж уиIэу узыгъэлажьэ унафэщIщ Абазэ Руслан, - жеIэ Мэсейм. - Сэ сынасыпыфIэу зыкъызолъытэ абы и унафэ сыщIэту сызэрылэжьамкIэ икIи фIыщIэ ин хузощI лэжьыгъэр фIыуэ тлъагъуу, зым зыр дыдэIэпыкъуу, прокуратурэм и лэжьакIуэхэм пщIэрэ зэгурыIуэныгъэрэ дяку дэлъу дызэхущытынымкIэ ар гъэсакIуэ къызэрытхуэхъуамкIэ».

«Илъэс 30-м щIигъуащ лэжьыгъэ IуэхукIэ Абазэм сэрэ дызэрызэрыцIыхурэ. А зэманым къриубыдэу сэ слъэгъуакъым ар сыт хуэдэ щытыкIэ имыхуами, и макъым зригъэIэтауэ зыгуэрым епсалъэу е и нэщхъыр зэхэлъу цIыхум еплъауэ. Сэ гу зэрылъыстамкIэ, ар сытым дежи зэпIэзэрытщ, дэтхэнэ Iуэхуми хэкIыпIэ къыхуигъуэту, лэжьыгъэр нэхъыфI зэрыхъунымкIэ и чэнджэщ къыуихьэлIэу апхуэдэщ», - жеIэ Абазэм дэлэжьа, милицэм и полковникыу пенсэм кIуа Анимыкъуэ Руслан.

«Руслан псэемыблэжу и IэнатIэм пэрытт, лэжьыгъэр тэмэму зэфIэха хъунымкIэ ар сыткIи щапхъэт. Зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI Абазэр икIи ди упщIакIуэт икIи ди чэнджэщэгъут. Ди лэжьыгъэм тыншу дызэрыхэгъуэзар куэдкIэ абы и фIыщIэщ. Ар сытым и дежи пэжым и телъхьэт, шыIэныгъэ хэлъу псэлъэгъум едэIуэфырт, дэтхэнэми и гулъытэр лъигъэсырт», - жеIэ 1992 - 1997 гъэхэм Тэрч куей милицэм и унафэщIу лэжьа Ансыкъуэ Анатолэ.

Сэ си насыпу къызолъытэ апхуэдиз фIыщIэрэ щытхъурэ зиIэ цIыху щыпкъэр фIыуэ сцIыхуу зэрыщытымкIэ, зэман гуэркIэ абы сыдэлэжьэну къызэрысхуихуамкIэ.

И лэжьыгъэм, гугъуехьым хуэфащэ пщIэ игъуэтурэ къокIуэкI Руслан и гъащIэр. Ар УФ-м и прокуратурэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, абы къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр, Урысейм и Парламент дамыгъэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, КъБР-м и Парламентым я ЩIыхь тхылъхэр.

Ауэ а псом нэхърэ нэхъыщхьэщ Руслан нобэ цIыхухэм къыхуаIэ лъагъуныгъэмрэ къыхуащI пщIэмрэ. Апхуэдэхэращ властым и пщIэр зыIэтыр, лъэпкъым и цIэр фIыкIэ зыгъэIур. Абазэр къэзыцIыхухэм ар къызэралъытэр псалъэ пэжрэ Iуэху пыухыкIакIэ псоми ягу дыхьэ лэжьакIуэфIущ, ныбжьэгъуфIущ, нэхъыжьыфIущ, хэкулI нэсущ.

Унагъуэ дахэ икIи насыпыфIэ иIэщ Абазэ Руслан. ГъащIэм ифIри и Iейри къыдэзыгуэш и щхьэгъусэ Зерэ и IэщIагъэкIэ дохутырщ, Налшык дэт поликлиникэ №7-м и терапевт къудамэм и унафэщIщ, пщIэрэ щытхъурэ иIэу мэлажьэ. Я щIалэху Артуррэ Тимуррэ, я адэм ещхьу, юрист IэщIагъэр зрагъэгъуэтащ. Шэч хэлъкъым Руслан и щапхъэр я гъуазэу я гъащIэ гъуэгур абыхэм зэрыхашынум, лэжьыгъэм и пIалъэ зыщIэ адэм и чэнджэщ щхьэпэхэр абыхэм я ехъулIэныгъэм и лъабжьэу зэрыщытынум.

ЗэгурыIуэ-зэдэIуэжу бынитIыр зэдэзыпIа Русланрэ Зерэрэ иджы дадэрэ нанэрэ хъуахэщ, къуэрылъху цIыкIуитI къащIэхъуащ.

Шэч къытесхьэркъым Абазэ Руслан и махуэ лъапIэм ар къэзыцIыху куэдым хъуэхъу зарыхужаIэнум. Сэри гукIи псэкIи сынохъуэхъу, Руслан, уи къуэрылъху цIыкIухэм я насып плъагъуу, уи унагъуэр пхуэузыншэу, уи мурадхэр къохъулIэу, псори дыбгъэгушхуэу, дыбгъэгуфIэу куэдрэ укъытхэтыну, ехъулIэныгъэхэр уиIэу республикэм, лъэпкъым куэдрэ уи сэбэп иджыри ебгъэкIыну.

ДАДЭ Суфэдин.

Къуажэ щIыпIэхэм щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм, унагъуэщIэхэмрэ IэщIагъэлI щIалэхэмрэ яхэту, псэупIэ яухуэн (къащэхун) папщIэ социальнэ мылъку яхухэхыным теухуа Положенэ къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м *№174-ПП*

«2012 гъэ пщIондэ къуажэм щыIэ псэукIэм зегъэужьын» федеральнэ программэ хэхам и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2002 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м къищта Унафэ №858-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къуажэ щIыпIэхэм щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм, унагъуэщIэхэмрэ IэщIагъэлI щIалэхэмрэ яхэту, псэупIэ яухуэн (къащэхун) папщIэ социальнэ мылъку яхухэхыным теухуа Положенэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзащIакIуэ IуэхущIапIэу къэлъытэн «2012 гъэ пщIондэ къуажэм щыIэ псэукIэм зегъэужьын» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, къуажэ щIыпIэхэм щыпсэу цIыхухэм, унагъуэщIэхэмрэ IэщIагъэлI щIалэхэмрэ яхэту, я псэукIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ лэжьыпхъэхэр зэфIигъэкIыну и къалэну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм (Ерчэн Т. Хъу.) мы УнафэмкIэ къащта Положенэр къэгъэсэбэпыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр ягуригъэIуэн.

4. «Къэрал дэIэпыкъуныгъэ зратынухэмрэ къуажэ щIыпIэм псэупIэ ухуэныгъэ щрагъэкIуэкIын (къыщащэхун) папщIэ социальнэ мылъку зыхухахынухэмрэ зэрагъэбелджылынум я Хабзэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм фокIадэм и 15-м къищта Унафэ №216-ПП-м къару имыIэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **ЯРИН Андрей**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къищта Унафэ №92-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м *№175-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«Урысей Ипщэ (2008 - 2012 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам и Iуэхугъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэзэщIэн» республикэ программэ щхьэхуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къищта Унафэ №92-ПП-м, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, «Урысей Ипщэ (2008 - 2012 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам и Iуэхугъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэзэщIэн» республикэ программэ щхьэхуэм теухуауэ лэжьыпхъэхэм, мылъкум и куэдагъымрэ къызыхэкIымрэ я Системэм и гуэдзэным щIэуэ къызэрыщыгъэлъэгъуам тещIыхьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **ЯРИН Андрей.**

● Лэскэн куей

ХадэхэкIхэр ягъэфIэIу

Лэскэн куейм хыхьэ Анзорей къуажэм щыIэ «Налмэс» мэкъумэш IуэхущIапIэм хадэхэкIхэр къехьэлIэжын щIидзащ.

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлIэу горох щхъуантIэр Iуахыжащ. Ар гектар 20-м тращIат. Хозяйствэм консерв щащI завод иIэщи, горохыр банкIхэм иралъхьэ. Заводыр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу гъэмахуэм зэрыхуагъэхьэзырам Iэмал къарет IуэхущIапIэр къэмыувыIэу лэжьэну. Горох щхъуантIэм къищынэмыщIа, нащэ, помидор, нэгъуэщI хадэхэкIхэри ягъэфIэIунущ. Кабачким къыхэщIыкIа икрам щIэупщIэшхуэ зэриIэр къалъытэри, абы зэрелэжьын Iэмэпсымэ-щIэхэр заводым щагъэуващ.

Япэм банкIхэр зытхьэщI машинэу зы щIэту щытауэ аращ. Абы лэжьыгъэр, дауи, нэхъ хуэм ищIырт. Иджы апхуэдэ Iэмэпсымэу щы яIэ хъуащи, лэжьыгъэри щIохуабжьэ.

Иджы нащэмрэ помидорымрэ лэжьакIуэхэм къыщIач. Ахэр гектар 25-рэ, кабачкир гектари 6 мэхъу.

Мэкъумэш IуэхущIапIэм и унафэщI Къарэш Арсен зэрыжиIэмкIэ, бэджэндырылажьэхэми ягурыIуащ абыхэм кърахьэлIэж хадэхэкIхэри IуэхущIапIэм къищэхуну.

- 2009 гъэм «Корнишон» нащэ лIэужьыгъуэм хуэдэ хэтсащ, ар дигу ирихьмэ, етIанэгъи тщIэну ди мурадщ. IуэхущIапIэм цIыху нэхъыбэ къетшэлIэнущ - нэгъабэ 125-рэ щылэжьамэ, иджы а бжыгъэр 150-м щIигъунущ. IэщIагъэлI ныбжьы-щIэхэри къедгъэблэгъауэ, ахэри гугъэзагъэу мэлажьэ, - жеIэ Къарэшым.

IуэхущIапIэм и дэтхэнэ зы лэжьакIуэри я IэнатIэм хьэлэлу бгъэдэтщ, я мазэ улахуэр ику иту сом мини 8 - 10 мэхъу.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● КъБР-м и МВД-м

ЩытыкIэ хэха

Мызэ-мытIэу ди газетым хъыбар зэрытетащи, IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэ гупхэм ящыщу зызыгъэпщкIухэр убыдыным ехьэлIа контртеррорист Iуэхугъуэхэр 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м щIидзауэ КъБР-м и Iуащхьэмахуэ районым зэрыщекIуэкIым къыхэкIыу ар къыщызэрагъэпэщ щIыпIэхэм щытыкIэ хэха щагъэуващ.

Апхуэдэу щытми, Оперативнэ штабым къызэритамкIэ, къарузехьэ IэнатIэхэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр, турист IуэхущIапIэхэр лэжьэным зыкIи зэран хуэхъуркъым. Iуащхьэмахуэ куейм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэ псори ирегъэблагъэ, гъунэгъу республикэхэмрэ областхэмрэ къикI зыплъыхьакIуэ гупхэри яхэту. Паспорт зыIыгъ туристхэм лъэпощхьэпоуншэу куейм и щIыналъэм ихьэну Iэмал яIэщ. ЗыгъэпсэхупIэхэр, хьэщIэщхэр, пансионатхэр, турбазэхэр, сабий лагерхэр я хабзэм тету мэлажьэ, турист гъуэгуанэхэр зэIухащ, мэлажьэ.

Районым щыпсэухэмрэ зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым и гупхэмрэ къару IэмалхэмкIэ. Абы хохьэ КъБР-м шыIэ ФСБ-р, МВД-р, УФ-м и МВД-м и Къэрал IуэхущIапIэм и «Э» центру, Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэхэр. Жылагъуэ хабзэмрэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэхэмрэ нэхъ ткIийуэ яхъумэ.

Iуэхур зытетыр цIыхухэм къагуроIуэ икIи хабзэхъумэхэм зэрызыщIагъэкъуэным ахэр хущIокъу.

УАРДЭ Жантинэ.

Нобэ я Iуэху зыIутымрэ зыщыгугъхэмрэ

● Футбол

Нартсанэ тхьэмахуэкIэ зыгъэсэныгъэхэр щригъэкIуэкIри, «Спартак-Налшыкыр» иджыблагъэ и унэ къэкIуэжащ. Клубым и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрий зыхуэдгъазэри, ар къазэрехъулIам тедгъэпсэлъыхьащ.

- Нартсанэ фыщыщыIам сыт нэхъыбэу фызэлэжьар?

- Япэрауэ, гулъытэ хуэтщIащ футболистхэм я бэшэчагъым хэгъэхъуэным. Абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэфI едгъэкIуэкIащ, щIалэхэми яхузэфIэкI къагъэнакъым. Мыхьэнэ еттащ хьэрхуэрэгъум ебгъэрыкIуэу, топджэгухэм топыр ямыгъэкIуэду яхуэIыгъыу, ар яIэщIэкIамэ, псынщIэу я гъуэм ягъэзэжыфу егъэсэным

Апхуэдэуи командэм къыхэтшэн мурадкIэ футболист зыбжанэм деплъащ. Ди гъусэу Нартсанэ щыIащ гъуащхьэуэ щIалитI, зы гъуащхьэтетрэ гъуащхьэхъумэныкъуэрэ. Ауэ абыхэм ящыщу зэкIэ арэзы дыкъэзыщIар Асильдаров Шамилщ, адрейхэр дутIыпщыжащ. Асильдаровым теухуауэ иджыпсту дызопсалъэ. Пэжыр жысIэнщи, селекцэ лэжьыгъэхэм арэзы дыкъащIакъым.

- Журналистхэм мызэ-мытIэу хъыбар зэбграгъэхащ командэм Ямайкэ, Нигерием я топджэгухэр къыхишэну хьэзыр хуэдэу. Абы теухуауэ сыт жыпIэн?

- Къызэрыхэзгъэщащи, селекцэ лэжьыгъэм и лъэныкъуэкIэ куэд дыщощIэ иджыри. Футболист Iэзэхэр сборхэм кIуэркъым, апхуэдэхэм дэ езыхэр дакIэлъыплъын хуейуэ аращ. Мыдрейуэ, Нартсанэ къедгъэблэгъа топджэгухэм я нэхъыбэр ди деж къэсакъым, дагурыIуауэ щыта пэтми. Абы и щхьэусыгъуэр языныкъуэхэм визэхэр зэрамыIарщ, адрейхэм къэкIуэн ядакъым. Аращи, ахэращ зэфIэкIа Iуэхуу журналистхэм ягъэIуар.

- «Спартак-Налшыкым» Хомич Дмитрий хэкIыжынкIэ хъунущ. Апхуэдэу къэхъумэ, ди гъуэр къэтIэсхъэнкIэ шынагъуэ Iуэхум хэплъагъуэркъэ?

- Ари Iуэхум хэлъщ икIи зыщыдгъэгъупщэркъым. НобэкIэ гъуащхьэтету щIалиплI-тху диIэщ, къыддэIэпыкъуфыну, щытыкIэ гугъум дыкърашыжыфынкIэ дащыгугъыу. Ауэ ахэр псори легионерщ.

- Иджыблагъэ Налшык щыIащ ЦСКА-м щыджэгуа Кусов Алан. Абы теухуауэ сыт хуэдэ унафэхэр фиIэ?

- Алан депсэлъащ. ЩIалэм ди гъусэу зигъэсащ, топ джэгуну и нэ къызэрыхуикIри наIуэщ, командэми хъарзынэу хэзэгъа хуэдэщ. АрщхьэкIэ, абы и пIэм щыджэгуу, контрактхэр яIэу диIэщ Мэшыкъуэр, Джатэрывэр, Бырхьэмыр, Концедаловыр. Дауэ хъуми, Кусовым и Iуэхум етIанэгъэ къытедгъэзэжыну дызэгурыIуащ.

- Чемпионатым и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм хэт сымэ командэм хэмытыжынухэр?

- Ахэр куэд мэхъу. Сыту жыпIэмэ, зыкъомым я контрактхэм я пIалъэхэр мы гъэм йокI. Псалъэм папщIэ, командэм хэкIыжащ Шумейкэ Виталий. Ар Къэзахъстаным щыджэгунущ. Бэджэнду Бразилием и клуб гуэрым Фелипе Феликс еттащ. Мыдрейхэм я цIэр къисIуэну иджыри пасэIуэщ, командэм иджыри джэгугъуих иригъэкIуэкIын хуейщ чемпионатым и япэ Iыхьэм къриубыдэу, кубок зэхьэзэхуэри абы хэтыжу.

Апхуэдэуи мурад диIэщ ди щIалэхэм ящыщ зыбжанэ бэджэнду нэгъуэщI клубхэм еттыну, ауэ лэжьыгъэр и кIэм нэмысауэ, абыхэм я цIэр схужыIэнукъым.

- Ятченкэ Дмитрий и Iуэхум теухуауэ.

- Ятченкэ и контрактыр илъэсым и кIэм еух. ЗэкIэ хуэдгъэлъагъуэхэм ар арэзы техъуэркъым. Пэжыр жытIэнщи, Димэ Москва кIуэжыну хуейщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомыр **Ульбашев Мухьэдин Узеир и къуэм** хуогузавэ абы и анэр дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр реском.

● Хьэшыр Чылар Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Уи лIыхъужьыгъэр бэм ящыгъупщакъым



Хьэшыр Чылар

Бгы ябгэм и щыгум

Генерал Эмануэль зэрызэхихымкIэ, Iуащхьэмахуэ и хъуреягъыр шэдылъэт, убгъэдыхьэни удэкIыни плъэкIынутэкъым. Къуршым щихьам щыгъуэ генералым и нэкIэ илъэгъуащ ар зэрыегъэлеяр. Iуащхьэмахуэ лъапэ зыхутэн экспедицэ къызэригъэпэщын мурад ищIащ Эмануэль икIи Академием хуитхащ апхуэдэ экспедицэм мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэнур.

АКАДЕМИЕР акъылэгъу хъуащ. Эмануэль и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща экспедицэм унафэщI хуащIащ академик Купфер, абы хагъэхьащ Академием и адъюнкт Ленц (физикэ IуэхухэмкIэ), Дерпт университетым и егъэджакIуэ Мейер (ботаникэ IуэхухэмкIэ), Академием и зоологическэ кабинетым и лэжьакIуэ Менетрие сымэ. Экспедицэм гъусэ хуащIащ геологием фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIи.

Мэкъуауэгъуэ мазэм и 28-м, шэджагъуэ нэужьым, сыхьэтиплIым деж, академикхэри дзэпакIи щIыгъуу, Псыхуабэ щежьэри, Iуащхьэмахуэ иунэтIащ Эмануэль. Балъкъ псыхъуэ дэтурэ Мывэ Лъэмыжым нэсри, жэщыр абдеж щрахащ. Къэрэшей тхьэмадэхэмрэ къэбэрдеипщ зыбжанэрэ къапежьащ экспедицэм, хьэщIагъэ кърахын мурад ящIауэ жаIэри. КъащIыпежьар нэгъуэщIт - экспедицэм и мурадыр зрагъэщIэн щхьэкIэт. Генералым абыхэм яжриIащ Iей ягу зэримылъыр, зауэ ярищIылIэн папщIэ къызэремыжьар, къыщIежьар бгылъэ щIыпIэхэм щыгъуазэ зыхуащIын, къэкIыгъэ, мывэ хуэдэхэр зэхуахьэсын, иджыри къэс зыми зримыкуфа Iуащхьэмахуэ, яхузэфIэкIмэ, дэкIын мурад зэраIэр. Тхьэмадэхэр тесабырэжащ, тыгъэ гуэрхэмкIэ хуэупсати, Iуащхьэмахуэ лъапэ нэс ядэкIуэтэнуи арэзы хъуащ, гъуэгур ирагъэлъагъуурэ. МывэЛъэмыжым деж щежьэри, IуащхьэмахуэкIэ иунэтIащ экспедицэм. Зрача къудейуэ, дунейр къызэIыхьащ, пшагъуэ къытрихуащ, уэшхым къыщIидзащ.

Бадзэуэгъуэ мазэм и 8-м уэфI хъужащ. Топхэмрэ хьэпшып хьэлъэхэмрэ Хъарбэз псыхъуэ къыдинэри, Эмануэль БалъкъкIэ дэкIуеящ, ар къыщыщIэж Iуащхьэмахуэ лъапэ нэсащ.

Къэзакъхэмрэ адыгэхэмрэ зэхуишэсри, Эмануэль яжриIащ Iуащхьэмахуэ и щыгум япэ нэсым сом 400 зэрыритынур. Сыхьэтыр пщIым заIэтащ. Балъкъ зэпрыкIа нэужь, академикхэр шым епсыхын хуей хъуащ. Лъэс защIри, сыхьэтихкIэ кIуауэ Iуащхьэмахуэ кIэрылъ уэсым хыхьащ - махуэр сыхьэтиплIым нэсат абы щыгъуэ. Жэщыр абдеж щрахащ - Iуащхьэмахуэ джабэм. Пщэдджыжьым жьыуэ, сыхьэтищым деж, гъуэгу техьэжащ. Гъуэгур шынагъуэ дыдэ хъуащ: уэсыр мэткIу, мывэкIэщхъым уигъэбакъуэркъым, мывэ дзакIэхэм укъауIэ, дыгъэр къыбжьэхолыдэри уигъаплъэркъым, убэлэрыгъамэ, мыл дурэшым удэхуэныр бетэмалщ.

Академикхэм къызэралъытамкIэ, Iуащхьэмахуэ и щыгум уихьэн папщIэ, фут 1400-рэ дэлът иджыри. Апхуэдиз къахуэнэжауэ, къызэтеувыIэн хуей хъуащ, адэкIэ кIуэфынутэкъыми. Ленц адыгитIрэ зы къэзакърэ зыщIигъури, бгым кIэрыхьащ, Iуащхьэмахуэ и щыгум нэсын мурад ищIауэ. Щыгум нэсыным фут 600 хуэдиз къэнауэ, Ленц и лъэр щIэхури лъэбакъуэ хуэчыжакъым. Академикхэм бгым кърагъэзыхыжащ, адыгэхэм ящыщ зы, ЧыларкIэ зэджэ къэбэрдей щIалэр, яхэкIри, и закъуэ дэкIащ Iуащхьэмахуэ. Сыхьэтыр пщыкIуzым Чылар Iуащхьэмахуэ и щыгу дыдэм къытеуващ. Бгы лъапэм здытетым, генерал Эмануэль нэрыплъэкIэ илъэгъуащ Iуащхьэмахуэ и щыгу къиувa Чылар, генералым щIыгъухэми ялъэгъуащ ар, бгым нэрыплъэкIэ дэплъейри. Топ ягъэуащ асыхьэтым, Iуащхьэмахуэ и щыгум цIыху зэрынэсам и хъыбар ягъэIуу. Бгым кIэрыхьа академикхэр къэмысыж щIыкIэ, Чылар Iуащхьэмахуэ къехыжри экспедицэм къахыхьэжащ. Генералым абы иритащ къызэригъэгугъа ахъшэр, ахъшэм щIигъуащ зы цеяпхъэ. Шэджэгъуашхэ щышхэм, Чылар ехъуэхъури, бжьэ къиIэтащ Эмануэль.

1851 гъэм Бытырбыху къыщыдэкIа "Жизнеописание генерала от кавалерии Эмануэля" тхылъым зэритымкIэ.

Фэеплъ дамыгъэхэр

Iуащхьэмахуэ... ЩыгуитI зиIэ а Iуащхьэ уардэм япэ дыдэу дэкIащ адыгэлI Хьэшыр Чылар. 1829 гъэм къэхъуа а Iуэхугъуэр илъэси 150-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ медаль къыдагъэкIащ.

НЭГЪУЭЩI медали къыдэкIащ а махуэм и щIыхькIэ. Абы тетщ Кавказым и къэхутакIуэщIэныгъэлI, дзэ топограф икIи альпинист Пастухов А.В.

Мис иджыри нэгъуэщI зы медаль-фэеплъ. Абы и IуплъапIэ лъэныкъуэм тетщ бгылъэ теплъэ мыпхуэдэу тетхауэ: "Iуащхьэмахуэ лъапэ, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР", и щIыбагъ лъэныкъуэмкIэ мы усэр тетхащ:

"Гъунапкъэншэщ, уардэщ икIи нахуэщ
Къуршыжьхэм я дамыгъэр".

Iуащхьэмахуэ теухуа медалхэр, дамыгъэхэр, тхыгъэхэр зэхуихьэсащ Ставропольем щыпсэу краевед Виноградов Б.С. Абы и фэтэр мыиныр музей дыдэ ищIащ.

"Труд" газет, 1977 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м.

ПцIы быупсынумэ...

● ЩIэныгъэлIым и псалъэ

Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ бгыр къэгъэIурыщIэныр, абы и щыгум дэкIыныр, джыныр щIыхь зиIэ къалэну и зэманым къилъытэгъащ урыс пащтыхьым.

А мурадым папщIэ хэхауэ 1829 гъэм къызэрагъэпэщыгъащ еджагъэшхуэ, дзэпщ цIэрыIуэ, IэщIагъэлI зэхуэмыдэхэр зыхэта экспедицэ.

Абыхэм гъуэгугъэлъагъуэу яIащ бгырыс лъэпкъхэм (адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэрэшейхэм) ящыщхэри.

ЗэрыхъуамкIэ, экспедицэм хэта гупым щыщу Iуащхьэмахуэ япэу дэкIыныр зи къарум къихьар, зыхузэфIэкIар адыгэлI щэджащэ Хьэшыр Чыларщ.

ДУНЕЙПСО мыхьэнэ зиIэ, тхыдэм хыхьэа Iуэхугъуэр зи цIэм пыщIа адыгэлIым и фэеплъыр гъэлъэпIэн, ар цIыхубэм ящIэн папщIэ лэжьыпхъэфI Iэджэ екIуэкIыгъащ. А лэжьыпхъэхэр куэду дэгъуэу къыхощыж архивым щахъума дэфтэрхэм, гукъэкIыж тхыгъэхэм, записхэм, письмохэм, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм.

Iуащхьэмахуэ япэу дэкIам ехьэлIа, теухуа архив материалхэм, документхэм къэрэшей щIэныгъэрылажьэхэр щыгъуазэми, езыхэр зэрыхуейуэ Iуэхур къыщIрагъэдз. Абыхэм шэн лъэпкъ къытрамыхьэ жу, я фIэщу жаIэ, ятх Хьэшыр Чылар мыадыгэу, атIэ къэрэшейуэ. Аращ зыщIагъэджыкIыр нобэ щIэблэр, еджакIуэхэр.

ПэщIэдзэ классхэм папщIэ краеведенэмкIэ зэреджэн пособие зытха, Къэрэшей-Шэрджэс педуниверситетым и профессор Хапаев Сафар щхьэихауэ етх: "Впервые совершил восхождение на Эльбрус в 1829 году карачаевец Килар Хаширов, житель а. Учкулан" (С.А. Хапаев. "Карачаево-Черкесия – наш край родной". Черкесск, 1992 гъэ, 11-нэ напэ).

Къэрэшей щIэныгъэлIхэр тесабырэкъым, увыIэркъым.

Iуащхьэмахуэ щыгу япэу дэкIар лIакъуэкIэ, зыщыщкIэ балъкъэру къызыхэщ тхыгъэ Гиннесс тхылъым (Книга рекордов Гиннесса. Москва – Лондон, 1993 гъэ, 234 напэ) къытрырагъэдзащ.

Япэ дыдэ Iуащхьэмахуэ цIыху зэрыдэкIрэ илъэси 175-рэ щыхъум ирихьэлIэу щIыпIэ унафэщIхэм я Iизын хэлъу аргуэру зы Iуэхугъуэ къэрэшейхэм ирагъэкIуэкIащ.

"Къэрэшей лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэхэр" псалъащхьэм щIэту Карачаевск къалэм дэт щIыхь пхъэбгъум иратхащ Iуащхьэмахуэ япэ дэкIа цIыхум и сурэтымрэ ар зыгъэнаIуэ псалъэхэмрэ. Мис абы тетыр:

"Хачиров (Хыйса) Киляр (1796-1875)
Первый покоритель Эльбруса в 1829 году 21 июля".

ПцIы быупсынумэ, лIам телъхьэ жыхуаIэращ.

ПЩЫБИЙ Инал,
Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и профессор. 2004 гъэ.

1829 гъэ

Ямыlэт щхьэх, ямыщIэт еш
И бынхэм адыгэ щIыналъэм.
Ягъэхъурт Iэщ, ягъэкIырт мэш, -
Яхьт гъащIэр, я Iэр Iуэхум хэлъу.

ПсэхупIэ бийхэм кърамытт.
Арат къыщIащтэр куэдрэ Iэщэр.
Шагъдийхэм шэсмэ - псори нартт,
Ажалт зыIущIэр, я псэм къещэр...

Щхьэ къэIэтыпIэ ямыгъуэт
Къудейуэ арагъэнт, армыхъумэ
Мы дуней псом Iуэху къащыхъуа
Я Iуащхьэмахуэу зи щхьэр тхъуам
Щхьэ зылI дэмыкIрэт, зэ нэхъ мыхъуми?!

...Я пашэу Купфер къызэхуос
ЦIыху куэд хуэIэкIуэлъакIуэу къуршхэм.
ЛъагапIэм дэкIын гуп зэхашэ.
Абы, иIыгъыу Iэхъуэ башыр,
Яхохьэ ди зы къуажэдэс.

Мыл гъуэгум гугъуу лъэр щыщIокI.
Хьэуар мэхъу мащIэ, зыпIэтыхукIэ.
Къигъазэу хамыбжэм хуэмыхум,
ИукIми идэу, къуакIэм дэхуэу,
АдыгэлI лъэщыр къуршым докI.

ЛъагапIэм хэти ирикуфми,
ЛъагапIэм хэти пэмылъэщ.
Бгы задэм щIакIуэм телъу Купфер
Къырахьэхыжыр... КIэрощэщ
Апхуэдэ защIэурэ щIыгъуахэр.

Жьапщэшхуэ гъуэгум къыщыхъуащи,
Бащлъыкъ хужь щIалэр еутхыпщI.
ИтIани хахуэр макIуэр, мэпщ,
Къарууэ иIэр зэщIикъуауэ...

Жыжьащэ имыхьахэр зи лъэ,
Уэх гуэрым гупу щызэхэтщ.
Iэрпхъуэру зэIэпах нэрыплъэр,
Телъыджэ къащыхъуауэ зэплъхэр
И щыгум Iуащхьэмахуэ тетщ:

...ИгъащIэм гъащIэм зэреплъар
Апхуэдэу хъунщ адыгэ нэсыр:
И напэм, лIыгъэм Iуэхур нэсым,
КъикIуэт иIэнкъым пыту и псэр, -
ИщIэнщ ищIар Хьэшыр Чылар!

БИЦУ Анатолэ.

Лъэпкъым илI

Хьэшыр Чылар и фэеплъу

Зы лIэщIыгъуэм пхылыдыкIрэ лIыгъэр
Лъэпкъым и гум ехуэбылIэфам,
УнкIыфIыжкъым мис апхуэдэ лIыгъэр,
ЛIэщIыгъуищэ къигъэщIам.

Ар и щапхъэщ нобэ лIыгъэ зыщIэм.
КIуэцIылъыжу лIым хуэфащэ лIыгу,
(Къегъэзэжри шынэр зыхэзыщIэм)
ЗылI дэкIакъэ Iуащхьэмахуэ щыгу!

Бгы гуэуауэ, къикIуэтакъым лIыр
Щыгум и лъэр щынихьэсым япэу,
Игъэщтакъым щIыIэм щIэта лъыр,
ЛIым и гъащIэр пызолъытыр напэм.

Ар ерыщу щыгум щытехьам,
Жьыр къеубзэрт и нэкIуэщхьэ плъам.
Пшэм, шхыIэну, лIыгъэ зезыхьам
ЗришэкIырт, хуэдэу ар пIыщIам.

Iуащхьэмахуэ и мыл пыIэ къащхъуэу
Хущхьэрихри, зигъэщхъат лъэкIам —
Уэгу фэеплъу езыр а лIы щыпкъэр
А и пыIэм уардэу темытам...

БРАЙ Адэлбий.

Япэ лъагъуэ

...ЦIыхухэр Iуащхьэмахуэ хуэкIуэрт. Дыгъэ бзий гуащIэхэм щахъумэн папщIэ абыхэм я нэкIуэхэм гын щахуащ. Экспедицэр 1829 гъэм генерал Эмануэль къызэригъэпэщат. ЩIэныгъэ IуэхухэмкIэ жэуап ихьырт академик, геофизик цIэрыIуэ, минералог, Петербург щыIэ физикэ обсерваторием и къызэгъэпэщакIуэ икIи и япэ директор Купфер Адольф (1799-1865). Гупым хэтт физик Ленц Эмиль. Зоологие къэхутэныгъэхэр и пщэ далъхьат иужькIэ Урыс энтомологие обществэр къызэзыгъэпэща Менетрие Эдуард (1802-1861).

МЕНЕТРИЕ дэIэпыкъурт илъэс 13 зи ныбжь Вознесенский Илья, щIэныгъэм хуабжьу хуэпабгъэ щIалэ цIыкIур. ИужькIэ Вознесенскэр музей коллекцэхэр зэхуэзыхьэс цIыху цIэрыIуэ хъуащ.

КъэкIыгъэхэр джыным теухуа лэжьыгъэр лъысащ ботаник Мейер Карл (1795-1858), иужькIэ ар академик икIи ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и Ботаникэ жыг хадэм и унафэщI хъуащ.

Эмануэль и жэрдэмкIэ петербург еджагъэшхуэхэм яхыхьащ Мэжэрым щыщ зекIуэлI Бессе Янош. 1829-1830 гъэхэм абы Кавказымрэ Тыркумрэ къыщикIуыхьащ, Мэжэрымрэ Кавказымрэ щыпсэу лъэпкъхэм пасэ зэманым яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр къиххутэу. Абы и къэхутэныгъэхэм лъабжьэ хуэхъуащ «**Къырымым, Кавказым, Грузием, Арменнем, Азие ЦIыкIум, Константинополь дызэрыщыIар**» тхылъыр, 1838 гъэм Париж къыщыдэкIар.

Художник папщIэу экспедицэм Эмануэль хигъэхьащ Кавказым и нарзаныпс къыщIэжхэм я архитектор Бернардацци Иосиф (Джузеппе).

1829 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м экспедицэм хэтхэр Петербург къыдэкIащ икIи Константиногорск (апхуэдэущ абы щыгъуэм Псыхуабэ зэреджэу щытар) мазэм и кIэм нэсащ. Абы щежьэри, еджагъэшхуэ гупыр Балъкъ тет Мывэ Лъэмыж быдапIэм (иджы Каменномост къуажэщ) нэсащ. Мыбдеж къащыпэплъэт лъэсырыкIуэхэмрэ къэзакъхэмрэ зыхэт зауэлI гупышхуэ. КъэхутакIуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын папщIэ экспедицэм щIыгъут лъэсырыкIуэхэу цIыху 650-рэ, къэзакъ 350-рэ. ТопитI иIэт. А псори щIыгъуу экспедицэр гъуэгу техьащ. Языныкъуэ махуэхэм километр щэщIым нэс икIуэфырт. Бадзэуэгъуэм и 8-м псори нэсащ Балъкъ къыхэлъадэ Хъарбэз псым. Мыбдеж топхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэр къыщагъанэри, Балъкъ аузым дэту дэкIуеящ икIи абдеж къыщыувыIащ.

Академик Купфер зи пашэ гупым зыхуигъэхьэзыру щIидзащ Iуащхьэмахуэ дэкIуеиным. Зыхуеину IэмэпсымэхэР ягъэхьэзырaщ. Эмануэль экспедицэм щIыгъу къэзакъхэр, адыгэхэр, балъкъэрхэр зэхуишэсащ икIи абыхэм яжриIащ япэу Iуащхьэмахуэ дэкIым саугъэту сом 400, етIуанэм сом 200 зэраритынур.

Бадзэуэгъуэм и 21-м пщэдджыжьыр сыхьэтыр 10-м Купфер, Ленц, Менетрие, Бернардацци, езыхэм яфIэфIу къахыхьа къэзакъ тIощI, гъуэгу гъэлъагъуэхэр я гъусэу, хэщIапIэм текIри, Кавказым и бгы нэхъ лъагэ дыдэм кIэрыхьащ.

СыхьэтихкIэ кIуа иужь, уэсым нэсахэщ. Ахэр лъэныкъуэ псомкIи кууэ къэча къырхэм нэсащ. Зы къыр гуэрым и щIагъым нэху къыщекIащ.

Бадзэуэгъуэм и 22-м жэщыр сыхьэтищым нэблэгъауэ мазэм и нэхум хэту гупыр Уллу-Маметдерку мылылъэм нэсащ икIи Iуащхьэмахуэ и КъуэкIыпIэ щыгум дэкIыу хуежьащ.

Мис мыпхуэдэу итхыжауэ щытащ Купфер: «Ди гъуэгур зэм занщIэ, зэм нашэкъашэ хъурт. Дыгъэм уэсыр къимыгъэтIатIэ щIыкIэ щыгум дынэсыну дызэрыхущIэкъуам ди къарур щIихащ. ИкIэм-икIэжым дэ дыкъэувыIэн хуей хъурт зы лъэбакъуэ тчыхукIэ. Хьэуар апхуэдизкIэ къыдэмэщIэкIырти, дыбауэ щхьэкIэ тфIэкIуэда къарур зэфIэувэжыртэкъым. Лъынтхуэхэр хуабжьу къеуэрт. Си Iупэхэр мафIэм исырт, бгырысхэм я чэнджэщкIэ си нэкIум гын щысхуа пэтми, си нэхэм яхуэшэчыртэкъым дыгъэ бзий гуащIэхэр. Сыгупсысэжыфыртэкъым, си щхьэр уназэрт. ИужькIэ дэ зыщыдгъэпсэхуну мурад тщIащ Къыр фIыцIэжьым и щIагъым».

Метр 4270-м нэсауэ Купферрэ абы щIыгъуахэмрэ адэкIэ зэрымыкIуэжыфынур белджылы хъуащ.

Экспедицэм хэтахэм ящыщу Хьэшыр Чылар и закъуэщ 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэт 11-м Iуащхьэмахуэ и щыгум нэсыфар. «ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ адыгэлIым абдеж и башыр щыхитIащ, мывэхэмкIэ къигъэтIылъыхьри. ИужькIэ къехыжу хуежьащ, - къыщегъэлъагъуэ Соколовэ Н.В. «**1829 гъэм ЩIэныгъэхэмкIэ академиер Iуащхьэмахуэ зэрыщыIар**» тхыгъэм. - Бгым дэкIыным абы тригъэкIуэдар сыхьэти 8 иримыкъущ. Чылар щыгум кърихащ мывитI». Зыр Эмануэль ЩIэныгъэхэмкIэ академием хуригъэшащ, адрейр Бессе саугъэт хуищIащ еджагъэшхуэр зыщыщ Пешт къалэм и музейм щIилъхьэн папщIэ.

Еджагъэшхуэхэмрэ Чыларрэ бгым зэрыдэкIым зэпымыууэ кIэлъыплъащ Iуащхьэ лъабжьэр зи хэщIапIэхэр. Эмануэль иIыгът Купфер кърита нэрыплъэ гъуэзэджэр. ХэщIапIэм щыIэхэм ялъэгъуащ гупыр къызэрехыжыр, Ленц и увыIэпIэр, апхуэдэу Чылар щыгум зэрыдэкIар. Чылар щыгум нэса иужь Iуащхьэмахуэ къызэрагъэIурыщIам и щIыхькIэ хэщIапIэм фочхэр щагъэуащ.

«Щыгум нэсыфа Чылар дэ нэхърэ нэхъ Iэзэу къигъэсэбэпащ пщэдджыжь хьэуам и щIыIагъыр, - итхыжащ иужькIэ Купфер. - Ар дэ куэдкIэ ди япэ уэсыр сыт хуэдэ зэмани зытемыкI щIыпIэм нэсащ икIи Ленц езым и ужьрей увыIэпIэм щынэблагъам, Чылар къигъэзэжауэ щыгум къехыжырт. Шынэ зымыщIэ щакIуэу щыт абы щIыналъэр фIы дыдэу ицIыхурт икIи бгы лъагэхэм дэкIыфу зригъэсат. Ар хэщIапIэм дэ ди япэ къэсыжащ езым зэрихьа лIыгъэм папщIэ къызэригъэгугъа саугъэтыр Эмануэль къыIихын папщIэ. АрщхьэкIэ иужьрейр дэ къытпэплъащ гуфIэгъуэр дызэхэту псоми тIэтын папщIэ.

Бгым къехыжа Чылар яфIэтелъыджэу къеплъырт экспедицэм хэт псори - ар иджыри къэс цIыху зыдэмыкIыфыну къалъытэу щыта Iуащхьэмахуэ и щыгум щыIат. Ар ящышынакъым лъагагъми, зэи къэмыткIу мылылъэхэми, а бгым и щхьэм нэса дэтхэнэри фIэкIыпIэ имыIэу зэрыхэкIуэдэнум теухуауэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ хъыбарми. ГуфIэгъуэ щытыкIэм иту генерал Эмануэль гъуэгу-гъэлъагъуэ Хьэшыр Чылар сом 400-рэ цеипхъэ щэкIрэ саугъэту иритащ».

ЦIыхур япэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIам къыхэкIыу 1829 гъэм шыгун плитауэ 2 ягъэжащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Кушмэзыкъуей къуажэм (иджы Бахъсэн районым щыщ Старэ Крепость къуажэ) щыщ адыгэ мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIыр Iуащхьэмахуэ япэу дэкIащ.

БАЙДАЕВ Мусаи тхылъ «Им покоряются заоблачные выси» жыхуиIэм (Налшык, 1979 гъэ) къыхэтхащ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●ЖыIэгъуэхэр

И делагъэр наIуэ мэхъу

◆ЖыпIэр пэж дыдэми, ар зыхуэпIуатэм я фIэщ мыхъумэ, упцIыупсу уагъэIуфынущ.

◆Апхуэдизу гур зыгъэпIейтей лъагъуныгъэр уи гъащIэ псокIэ къыбдекIуэкIтэми, сыт ягъэ кIынт?!

◆«Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ», - жызыIар щыуауэ къыщIэкIынщ. Нэрылъагъуу щIылъэм щамыгуэшми, цIыхум ар и гъусэу дунейм къытохьэ.

◆КъулыкъущIэр щхьэзыфIэфIмэ, дагъуэ хуэзыщIыр и бийщ.

◆Зыми химыгъэзыхьу зи щыуагъэмкIэ зызыумысыжыфыр цIыху телъыджэщ.

◆ЦIыхум губзыгъафэ зригъэплъыну зиIэтыхукIэ, и делагъэр наIуэ мэхъу.

◆Хьэ мэжэлIар бгъашхэмэ, уехъумэри, быныр бгъашхэкъуэмэ, пфIокIуэд.

◆НэрыбгэфIым лъэпкъыр зэкIэрешхэри, нэрыбгейм хьэргъэшыргъэ хедзэ.

◆Нэхъыжь Iущ зиIэ лъэпкъым зэгурыIуэр щытепщэщ.

◆Уи нэхъыжьыр плъытэмэ, щIэблэмкIэ щапхъэ ухъужынщ.

◆Уи псэлъэкIэм елъытащ къыпхуащIыну пщIэр.

ДЖЭТАУЭ Исуф.
Бахъсэн куей, Зеикъуэ къуажэ.

Iыхьэурэ дзасэкIэ гъэжьа джэдыл

●Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Абы щхьэкIэ нэхъыфIыр джэдыщIэщ. Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, гъущэу ялъэщIри, Iыхьэурэ зэпкърах. Тепщэч мыулъийм иралъ хьэ, шыгъу, цIыкIуцIыкIу урэ упщIэта бжьыныху, шыбжий сыр хьэжа, бурш халъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэри фIыуэ зэIащIэ. ИтIанэ и щхьэр трапIэри, зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ дакъикъэ 30 - 40-кIэ щIыIапIэм ягъэув.

Щагъэжьэнум деж джэдыл Iыхьэхэм бжьыныху тыкъырхэр кIэрахри я кIыхьыпIэмкIэ дзасэм паIу. Тхъуэплъ хьуу дэпкIэ ягъажьэ, лъэныкъуэ псомкIи шатэ щахуэурэ. Джэдыл жьар дзасэм къыфIахыжри, тепщэчым илъ пIастэ хуабэм и щIыIум тралъхьэ.

Хуабжьу шхыныгъуэ IэфIщ, мэ гуакIуэ къыхихыу.

Шхыныгъуэр щагъэхьэзыркIэ халъхьэхэр *(цIыхуитI Iыхьэ)*: джэдылу - грамм 400, бжьыныху укъэбзауэ - грамм 20, шатэу - грамм 30, шыгъу у, шыбжийуэ - узыху ейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● ЦIыкIухэм папщIэ

Псори зыщIэ Инал

Рассказ

ДИ ХЬЭБЛЭМ дэсщ ИналкIэ еджэу щIалэ цIыкIу. Абы куэдым гу лъетэ. Ауэ, Iуэхуракъэ, тIэкIуи щхьэщытхъущ. Инал жиIэу зэхэпхынущ: «Сэ сымыщIэ щыIэжкъым! СыткIи фыкъызэупщI - жэуап фэстынщ!»

Зэгуэрым Инал къоупщI и ныбжьэгъу цIыкIухэр:

- Псори пщIэуэ жыбоIэ, нтIэ къыджеIэт: жыгхэр сыт щIэщхъуантIэр?

- Абы сыт мыгурыIуэгъуэу хэлъыр?! - егъэщIагъуэ Инал. - Зыуи къысщымыхъуу и жэуапыр фэстынкъэ: жыгхэр щIэщхъуантIэр пщIащэ щхъуантIэ япытщи аращ. Бжьыхьэм гъуэжь мэ хъури, жыгхэри гъуэжьыфэщ.

ЦIыкIухэр зэплъыжащ. Ахэр арэзы техъуащ Инал и жэуапым. Ауэ иджыри зыгуэркIэ еупщIыну мурад ящI:

- Хъунщ-тIэ. Иджы къыджеIэт мо уэгум ит пшэхэр сыт щIесыр?

Инал уафэм дэплъейуэ зытIэкIурэ щытащ, итIанэ жеIэ:

- Флъагъуркъэ а пшэхэм лъакъуи шэрхъи зэращIэмытыр? Лъакъуэ яIамэ, кIуэнут, шэрхъ ящIэтамэ, жэнут. Ахэр яIэкъыми аращ щIесыр. КъывгурыIуа?

ЦIыкIухэр аргуэру уэгум иплъащ - Инал жиIэр пэж хуэдэт.

- Иджы сэ сыноупщIынущ, - жиIащ гупым я нэхъыжь щIалэ кIыхьсолэм. - Уэлэхьи, си Iуэхум мис ар уэ къапщIэм. Сыт уэшх къыщIешхыр? ЖыIэт!

- Хьэ-хьэ-хьа! - ину дыхьэшхащ Инал. - Си гугъати зы гугъу гуэркIэ укъызэупщIыну! Тыншыбзэу бжесIэнщ ари: уэшхыр хьэлэлейщи, пшэхэм яхуэмыIыгъыу къожэх. Аращ уэшх хъужыр.

- Уэлэхьи, пэжым, - жеIэ зым. - Ди адэм жиIэу зэхэсхащ пшэхэр бдзапцIэм хуэдэу хьэлъэу.

ЩIалэ цIыкIухэм ари я фIэщ хъуащ. Ауэ абыхэм я мурадт Инал имыщIэ гуэр къагъуэтыну.

- НтIэ...нтIэ пщIэрэ псыхэр щIежэхыр? - Инал гъунэгъу дыдэу къыбгъэдэхьэри къоупщI зы щIалэ пэтIинэ цIыкIу. Абы шэч лъэпкъ къытрихьэркъым упщIэ гугъу дыдэ къызэрыритам.

Ауэ Инал нэщхъыфIэу жеIэ:

- Сыт абы умыщIэну хэлъыр?! Зы толъкъуныр адрейм жьэхоуэ, ар нэгъуэщIым щIоIунщIэ, апхуэдэурэ зэрокужьэри, псыр мажэ, йожэх.

ЩIалэ цIыкIухэр хогупсысыхь, ауэ Инал къыпадзыжын къахуэгъуэтыркъым. Ахэр я ныбжьэгъум къоплъ, пщIэ къыхуащIу, куэд зэрищIэр я фIэщ хъууэ икIи ягъэщIагъуэу. Ауэ цIыкIухэм я мащIэ зыщIэупщIэн? Абдеж ирихьэлIэу хьэ гуэр блэжырти, щхьэц фIыцIэ утIэрэза зытет щIалэ цIыкIур абы йоплъ, итIанэ Инал къоупщI и нитIыр мыхъейуэ:

- НтIэ жыIэт, сыт хьэм кIапитI щIимыIэр?

Инал хьэмкIэ маплъэ, абы хуэмыарэзыуэ, уэри дэнэ укъикIат, жыхуиIэ щIыкIэу, мэгупсысэ, йоплъых, доплъей. ИтIанэ жеIэ: «Мис ар иджыри зэзгъэщIакъым, ауэ фымыпIащIэ. Пщэдей нэхъ дэмыкIыу абы и жэуапри фэстынщ».

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

●Гъуазджэ

Кърым-Джэрий и «Жынхэм я гъукIэгъэсэн» тхыгъэм мы сурэтыр хуищIащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ художник ПэтIуащIэ Феликс *(офорт, 1986 гъэ)*.

● Къуажэхьхэр

Жэщи махуи кIэрахъуэ

✹Езыр гъущI защIэщ, щIым хэтIащ, ар етхъу, етI, гъуджэм хуэдэуи мэлыд.

✹«Ей!» жызымыIэ вакIуэ.

✹Жэщи махуи кIэрахъуэ, а зы гъуэгуми темыкI.

✹Жыг дакъэкъым, пхъэ къэбкъым, зегъэкъри щылъщ.

✹Жыжьэу щыту унэм щIэбакъуэ.

✹ЗэкIэрыблаблэу блыным еубгъуа.

✹Зепхьэну тыншщ, убжыну гугъущ.

✹Зи бын псори дзыгъуащэ.

✹Зи пэр папцIэ, зи кIэр гъуанэ.

ЖЭУАПХЭР:

Пхъэlэщэ. ЩIыIуб. Сыхьэт. Щхьэхынэ. Дыгъэ бзий. Уанэ. Щхьэц. Джэду. Мастэ.

●ГушыIэ

КуцI илъкъым

ДИЗЫКЪУАЖЭ цIыхугъэ гуэр иIэт, мэзышхуэм пэмыжыжьэ къуажэ цIыкIум дэсу. Ар фадэм дихьэх хъуауэ гу щылъитэм:

- Ей, ныбжьэгъу, уи хьэлыр сигу ирихыркъым, фадэм текIуаи абы фIым хуишаи сыхуэзакъым сэ. Ар уи нэрыгъ хъумэ, къэблэжьыр пхуримыкъуу факъырэ уищIынщ, уи акъылым урихунщ, икIэм-икIэжым утекIуэдэжыпэнкIэ хъунущ, - жриIащ абы зэгуэрым Дизыкъуажэ.

- Схущыгъэтыркъым, ахъумэ гъуэгу мыгъуэм сызэрежьар сэри сощIэж, къэзлэжьри схурикъужыркъым. Иджы хъунщIакIуэхэм сахыхьэну аращ мураду сщIар, ауэ уэ сумыIуатэ. Нэгъуэщ Iэмал згъуэтыжыркъым, абыхэм ирафыни яшхыни гъунэжу ягъуэт.

- Абы щыгъуэщ уи кIэр бжыхьым щыдэпхуэжыпар...

Дизыкъуажэ и зы гъунэгъу и гъусэу пщэдджыжь гуэрым мэзышхуэм кIуэрэ пэт, гъуэгубгъу пабжьэм щэIу макъ къыхэIукIырт. МэзакIуэхэр бгъэдыхьэрэ еплъмэ, Дизыкъуажэ и цIыхугъэр, и накIэм лъыр къежэхыу, щылът.

- Къыпщыщlар сыт? Нэхущым мыбдежым дауэ укъыщыхута? - зэкIэлъигъэпIащIэу йоупщI абы Дизыкъуажэ.

- Ны...ныжэбэ зы...зыгуэр къэтхъунщIэри дызэре...гъэфэжахэщ...

- НтIэ?

- ДыкъыздэкIуэжым зы дыжьын къамэ зэпэдубыдри дызэзэуэжащ, - ерагъкIэ къыдришейуэ къэпсэлъащ уIэгъэр.

- ДэнэкIэ кIуа-тIэ уи гъусар?

- СщIэ...сщIэркъым, зэ ..зэпыту укIуэхэ.

- Узущий пэтми, хъуакъым! Уи нэгу щIэкIа иджы хъунщIакIуэ-ефакIуэхэм я псэукIэр, я зэхэтыкIэр? - хъущIэурэ уIэгъэр ипхэрт Дизыкъуажэ.

- Хуэсакъ, уэлэхьи, шэр и щхьэ куцIым къыхэна сфIощIым, - къэпсэлъащ шынэщарэ иригъэлейуэ Дизыкъуажэ и гъусэр.

- Къыхэнакъым-тIэ, - къыфIэIуэхуакъым абы жиIар Дизыкъуажэ.

- Ар дауэ къызэрыпщIар?

- КъэщIэгъуей ар! Абы и щхьэм куцI илъкъым, шэр хэнэн хуэдэу. Илъу щытатэмэ е сэ, е нэгъуэщI зыгуэрым жиIэм едэIуэнт.

ЖЫЛАУ Нурбий.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **4.** КъэгъэшыгъуафIэ. **7.** Налшык куейм хиубыдэ къуажэ. **8.** Памыупщlу гъэ техьа удз. **9.** Вакъэ лъапщэ кlыхь. **10.** МэкъупIэхэм узыщрихьэлIэ къуалэбзу цIыкIу. **14.** Унагъуэ имыхьа бзылъхугъэ ныбжьыщIэ. **16.** «Къуэш ... нэхъэрэ ныбжьэгъуфI» - псалъэжь. **17.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ цIыхубз хьилэшы. **18.** Махъсымэ къызыхащIыкI зэхэгъэва. **21.** ЩIы къиуда. **23.** Жьэ бзаджэ зыщIэт, цIыхубз дыдж. **24.** Уи ... си б жыхь къыумыпх. **25.** Сату Iуэхум пыщIа хьэпшып. **26.** Зиусхьэн лъэпкъ. **27.** Макъамэ Iэмэпсымэ. **28.** Зи щхьэцыр икIа. **29.** ХадэхэкI. **30.** А унэцIэр зэрахьэ Совет Союзым и Лlыхъужь зэшитIми, композитор цIэрыIуэми, 2000 гъэм екIуэкIа дунейпсо Олимпиадэм бэнэнымкIэ чемпион щыхъуа адыгэ щIалэми. **33.** ГъэшхэкI. **35.** ТхьэмыщкIэм ират Iыхьэ. **38.** Гуэгушыхъум, къазыхъум я бгъэм тетщ. **39.** ЩIыIум нэгъуэщIу зэ- реджэр. **40.** Ахъшэ жыгъей. **41.** «Уэзы ...» - адыгэ уэрэдыжь. **42.** Пхъэ лошкIэ. **44.** Пасэм адыгэм яIа хьыбарегъащIэ. **45.** Уэс зэратхъу е гъавэ зэракIыщтэ. **48.** УщIэдыхьэшхыни ущIэгъу зэвэни зыхэлъ Iуэху. **49.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ псыежэх. **51.** Хугум е нартыхум къыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ. **52.** ГъущIэкI лъапIэ. Спорт зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщызыхьым апхуэдэм къых эщIыкIа медаль ират. **53.** Къуацэчыцэ Iув е удзыжь зэщIэкIа.

Къехыу: **1.** Блыным кIэралъхьэ е унэлъэгум ираубгъуэ. **2.** Хьэпщхупщ. **3.** Зи къ удамэхэр теухуэнщIыкIа жыг лъэдий гъум. **5.** Бжэныфэм къыхэщIыкIа къэп. **6.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ псэущхьэ шынагъуэ, къуажэпсыр зыубыд зи хабзэ. **11.** ХупцIынэр зэрагъэтэдж тхьэв. **12.** Батэрэз и адэр. **13.** Гъуэгум иIэ кум бл ъэмбх эр. **15.** ЩIэжьей. **19.** « ... къуэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ» - псалъэжь. **20.** Бдзэжьей зэрещэ. **22.** Дэрбзэр Iэмэпсымэ. **31.** Абы хиса жыгыр мэгъу. **32.** Кърy лъэпкъхэм щыщ губгъуэ джэдкъаз пIащэ. **34.** Лэскэн районым хибыдэ жылагъуэ. **36.** ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ къэбэрдей театрым и джэгуакIуэ телъыджэу щыта, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ. **37.** Къуалэбзум, джэдкъазым ятет цы щабэ. **43.** Хадэм зэрилэжьыхь Iэмэпсымэ. **44.** Пхъэ гъуэлъыпIэм дищIэ хьэпIацIэ цIыкIу. **46.** Таурыхъ, псысэ, ... **47.** Шыпс зыщIэт лы гъэжьа. **50.** Къуэпс кIыхь зыдз хадэхэкI.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Бадзэуэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **4.** Сэтэней. **7.** Сэрмакъ. **8.** Анэмэт. **11.** Жэмыхьэт. **14.** ЖыIэгъуэ. **15.** Хьэлыу э. **16.** Дэп. **18.** Бохъу. **19.** «ЩIыхуэ». **20.** Сэмб. **21.** КIуащ. **23.** Хъугъу э. **26.** Бэлагъы. **27.** Хьэшысэ. **28.** Гугъэзагъэ. **31.** Хьэджэсэ. **32.** Бжэнэщ. **34.** Пшыналъэ. ***Къехыу:*** **1.** КIэрашэ. **2.** Къуэдз. **3.** Зеиншэ. **5.** Мэтхъэн. **6.** Хьэмолэ. **9.** Джыдэ. **10.** «Сыноджэ ж». **11.** Жэмыжьыгу. **12.** Тхьэмаху э. **13.** ШукIапсэ. **16.** Дэ хъу. **17.** Псэ. **22.** Къанкъуэщ. **24.** «Гъуазэ». **25.** Ашэмэз. **29.** Гъэсашэ. **30.** Гъэжалъэ. **33.** Анэ.

КхъуейплъыжькIэрыщIэ

●Хабзэ

АДЫГЭХЭМ дунейм къытехьа сабийм и щIыхькIэ тхьэлъэIу зэхуэмыдэхэр ирагъэкIуэкI. Псом япэрауэ, ар ехьэлIат сабийм бзаджэнаджэ зэран къыхуэмыхъуу къэгъэхъуным.

Пасэм щыгъуэ кхъуейплъыжькIэрыщIэр щащIу щытар сабийр дунейм къыщытехьа япэ махуищырт. А махуищ-жэщищым сабиймрэ абы и анэмрэ бзаджэнаджэхэр нэхъ къахуэлъэу къалъытэрт.

КхъуейплъыжькIэрыщIэр пщIын щхьэкIэ ухуейт жьэгу чийм телъу быдэу ягъэгъуа кхъуей хъурей, дагъэ фIыуэ егъэфауэ фэ кIапсэшхуэ. ЩIым быдэу пкъоитI хатIэрт, лъэбакъуитху-хы я зэхуакуу. Пкъохэм я лъагагъри абы нэхъэрэ нэхъ мащIэтэкъым. Абыхэм я щхьэм зы бгъыкъу къытрагъэбыдыхьыжырти, абы и зэхуэдитIым и деж хуэзэу кхъуей плъыжьыр кIэращIэрт. ИтIанэ а кхъуей плъыжьым и гъунэгъубзэу фэ кIапсэшхуэр пхъэшыкъум иралъэфти, къырдзыхыжырт. КIапсэшхуэм и лъэныкъуитIымкIи бгыкъум хьэпшып цIыкIуфэкIуэхэр пащIэрт: шхуэ, нахъутэ, щэлъахъэ, хъыджэбзхэм хадыкIауэ бэлътоку, чысэ, екIуу зэрадзауэ къамышы Iэпэпс, н.къ.

А хьэпшыпхэр къуажэдэс щIалэгъуалэм, псом хуэмыдэу хъыджэбзхэм, ягъэхьэзырырт. Арат къримыдзащэ хуэдэурэ унагъуэм я тхьэмадэм жылэм щIахигъаIуэри, къуэрылъху иIэ хъумэ, кхъуейплъыжькIэрыщIэ зэрищIынур.

Къыхэдгъэщынщи, а Iуэхугъуэр япэм зэрырагъэкIуэкIыу щытамрэ иджыпсту абы зэрыбгъэдыхьэмрэ фIыуэ зэщхьэщокI. ЗэрыжытIащи, япэм фIадзэу щытар а къуажэм дэс хъыджэбзхэмрэ щIалэхэмрэ я IэкIэ ящIа хьэпшып цIыкIуфэкIухэрт. Иджырей ди щIалэхэр апхуэдэ хьэпшып жыгъейхэм щхьэкIэ кхъуейплъыжькIэрыщIэм пхухыхьэнукъым. Арищи, абы фIалъхьэ хьэпшып лъапIэхэр, уеблэмэ машинэ IункIыбзэ къыщыхэхуэ щыIэу.

Апхуэдэу япэм кхъуейплъыжькIэрыщIэм зэрыдэкIуейуэ щытамрэ иджы ящIэмри зэтехуэркъым. КхъуейплъыжькIэрыщIэм зезыпщытам IэпщэкIэ зиIэт мыхъумэ, и лъакъуэхэмкIэ кIапсэр икъузу, абы еIусэу хэттэкъым. Ар емыкIу ящIым къыщымынэу, щыдыхьэшхырт, уи анэм хьэлIамэ мащIэщ уигъэшхар, жаIэрти. Фэ кIапсэм зридзу IэпщэкIэ зызыIэта щIалэр япэу кхъуей плъыжь фIэдзам едзакъэрт, абы зы дзэкъэгъуэ къыгуича иужьт, ар бгыкъум фIэлъ хьэпшыпхэмкIэ щыIэбэр. Дауи, ар псоми яхузэфIэкIыртэкъым. КIапсэ цIанлъэм псори пэлъэщыртэкъым, яIэщIэжырт, къецIэнтхъуэхыжырт. АпщIондэхукIэ цIыхухэр дыхьэшхырт, абы щIалэхэр нэхъри ерыщ иригъакIуэрт. Абы къыхэкIыуи кхъуейплъыжькIэрыщIэр нэгу зегъэужьыпIэм и мызакъуэу, икIи лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэт.

АбыкIэ зэфIэкIыртэкъым кхъуейплъыжькIэрыщIэ тхьэлъэIур. Iэнэ къащтэрти, нэхъыжьхэм хъуэхъуэхэр щыжаIэрт. Апхуэдэу нэгъуэщI нэгузегъэужь Iуэхугъуэхэри ирагъэкIуэкIырт: щIалэхэр нэщанэ зэдеуэрт, зэбэнхэрт, мывэ зэдадзырт, чыбжьэ зэпекъурт, хъыджэбзхэр хъыринэ ещIэрт. Куэдрэ къэхъурт а тхьэлъэIум кIапсэрыкIуэхэр къашэу, пелуанхэр щызэрагъэбэну, мыщэ гъэса къыщагъафэу.

Пшапэр зэхэуамэ, нысащIэмрэ сабиймрэ зыщIэлъ пэшым хъыджэбзхэмрэ щIалэхэмрэ Iупэгъу щащIырт. Ар джэгукIэ гъэщIэгъуэнщ. Абы щхьэкIэ гъуру гъэжьауэ мэжаджэ хъурей ухуейщ. Языныкъуэм и деж мэжаджэм и хъуреягъыр хьэбзыпэу даупщIыкIырти ягъажьэрт, Iуэхур нэхъ гугъу ящIын щхьэкIэ.

Мэжаджэр ягъэжьэн и пэ, абы и кум хуэзэу гъуанэ цIыкIуищ хуащIырт. Псори хьэзыр хъуа иужь, а гъуанэхэм кIапсэ лэрыгъу иралъэфырти, мэжаджэр бгыкъум кIэращIэрт, цIыхур зэфIэту еувалIэмэ, ар и Iупэхэм къэсын хуэдэу. Арати, мэжаджэм щIалэхэри хъыджэбзхэри хъурейуэ еувэкIырт. Мэжаджэр зыгуэрым игъэкIэрахъуэу щIедзэ, кIапсэхэр зэтриухуанэу. Апхуэдэурэ фIыуэ зэтраIуэнтIа иужькIэ, мэжаджэр яутIыпщыжырт. КIапсэхэр щызэрылъэлъыжкIэ, мэжаджэр кIэрахъуэрт. Мис абы щыгъуэм щIалэхэри хъыджэбзхэри мэжаджэм IупэкIэ епхъуэу хуежьэрт, хэт и дзэлыр къыхуIуиуду, хэт и Iупэр «хурилъэщIэкIыу». Дауи, абы еплъхэм мыдыхьэшхын яхузэфIэкIыртэкъым.

ЩIалэгъуалэм нэмыщIкIэ, кхъуейплъыжькIэрыщIэм зи ныбжь нэса лIыхэри лIыжьхэри хыхьэрт, гукъыдэж яIэу, ауэ ахэр фэ кIапсэмкIэ дэпщейртэкъым, атIэ кIэрахъуэкIэ е фокIэщIкIэ кIэрыщIэм пылъ хьэпшыпхэр къыпаудыну хэту арат. Мыбы щыгъуи ялъытэрт бзаджэнаджэхэр тхьуэбзащхъуэмэ, кIэрахъуэ уэ макъым игъэшынэу. Ещхьыркъабзэт хъыджэбз къафэхэм фоч щыщхьэпрагъэукIри, я лъабжьэм кIэрахъуэ щыщIагъауэри.

КхъуейплъыжькIэрыщIэ ящI хабзэт хьэщIэ лъапIэ къащыхуэкIуам и дежи. Къахуеблэгъам и нэгу зэрызрагъэужь адрей джэгукIэхэм ящыщ зыуэ зэхаублэу арат.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

●Си хъуреягъкIэ

ЗызыщIэж щыIамэ...

Адыгагъэ, адыгэ нэмыс, адыгэ хабзэ, жеIэ цIыхубз мыщIалэжым. Абыхэм ятеухуауэ зыгуэрхэм яхуошхыдэ, емыкIу ещI. ИтIанэ, зыкърегъэзэкIри, и щIалэ хъурыфэ цIыкIум хамэбзэкIэ йопсалъэ!

Теплъэмрэ и акъылымрэ

Зы унагъуэ цIыхубз цIыхугъэ схуэхъуат. МыкIыхьыщэми, щхьэцыфI и плIэм илът екIуу. Зэман дэкIри, ар си деж къыщIыхьащ и щхьэцыр кIэщI дыдэу пыгъэщауэ. Сэ абы сыкъигъэуIэбжьауэ сеплъырт: дауэ иуцIэпIынкIэ хъуа унагъуэ ис цIыхубзым и щхьэцыр апхуэдэу?!

ИужькIэ къэсщIащ ар и щхьэгъусэм дэмыпсэужрэ зэрыхуей дыдэм хуэдэу хуиту дэту. Иджы и дуней тетыкIэ хъуам ещхь ищIауэ арат и щхьэцри, сымыщIа щхьэкIэ...

ЦIыхум и теплъэмрэ и акъылымрэ зэтащ.

Тхьэмадэ гумащIэ

Зи щхьэгъусэр пщэдджыжьым жьыуэ лэжьакIуэ дэкIа Хуцинэ пщэдджыжьышхэр зэфIэкIыу цIыкIухэр еджапIэм иутIыпща нэужь, унэр тIэкIу зэлъыIуихщ, зи ныбжьыр илъэс иримыкъуа и щIалэ нэхъыщIэ цIыкIур и Iэблэм тригъэтIысхьэри, уэршэракIуэ ежьащ. Гуэщым белыкI зыупсу щIэт и тхьэмадэм абы зыри жриIакъым, сабийм тIэкIу къыдэджэгуа мыхъумэ.

Хуцинэм къимыгъэзэжурэ, махуэр фIыуэ хэкIуэтащ. Ауэрэ, шэджагъуэ нэужьи мыхъуаи. Бжьэпэм тет дзэл жыг баринэшхуэм и щIагъ жьауэм фыз уэршэрым хэсу щIэс Хуцинэр къыщызэплъэкIым, гу лъитащ и тхьэмадэ къыIухьэм. ЛIыжьым и Iэблэм фIэдзат хъуржын цIыкIу, зы тебэ щIакхъуэ ныкъуэ, кхъуей цIынэ Iыхьэшхуэ фI, игъэвыкIауэ джэдыкIэ зытIущ, псыIэфI птулъкIэ илъу.

- Мэ, тIу, нышэдибэ лъандэрэ уныдыхьэжакъым, умэжэлIауэ къыщIэкIынщ, - хуишиящ абы гъуэмылэр нысэм.

НасыпыфIэ

И Iэмыщlэ илъ лэжьапIэм махуэм щызэфIиха Iуэхушхуэхэм и пщIэкIи и щхьэкIи нэхъри лъагэу яIэтат Махъсидэ. Ар пщыхьэщхьэм унэм кIуэжащ гуфIэгъуэр и нэгум кърихыу, насыпыфIэу.

ЗдэкIуэжам, а адыгэлIыр, лъэпкъылI жыхуаIэжыр, и щхьэгъусэм и нэщхъ цыпхыдзэм Iуууэщ зэрыщIыхьэжуи, псори кIуэдыжащ: и дэрэжэгъуи, и гуфIэгъуи, и насыпыфIагъри абыхэм ядэкIуэу – зыри къыхуэнэжакъым.

Фыз инатым хузэфIэкIар фэзгъэгъэщIэгъуэну аракъым мыр щIэстхыжыр. АбыхэмяхузэфIэкIынур фэри фщIэуэ къыщIэкIынщ. Ауэ насыпыфIэр зи унэ щынасыпыфIэращ, жызыIам мы ди гъунэгъу Махъсидэ сымэ дэнэ къыщицIыхурэт?!

ХЬЭХ Сэфарбий.

●Псалъэжьхэр

Уэсэпсым кхъухь трехуэ

♦Жьыр щхьэукъуэрейщи, щIалэр джэгурейщ.

♦ЗымыщIэф унафэ щIынкIэ ерыщщ.

♦КъэгубжьыгъуафIэ къэгъэзэжыгъуафIэщ.

♦Къэрабгъэр къуэшкIэ лIыхъужьщ.

♦Лъыхъуалэ и былым кIуэдыркъым.

♦Макъ зимыIэр уэрэд хуэлъэщ.

♦Уэсэпсым кхъухь трехуэ.

♦Удым и удыгъэр япэ ирегъэщ.

●Нэщэнэхэр

Уи бзэгум уедзэкъэжамэ...

❖Уэсэпс къемыхауэ нэху къекIмэ, уэлбанэ хъуну къалъытэрт.

❖Уи бзэгум уедзэкъэжамэ, лъыщIэ пшхынущ.

❖Уи жьэм жьуэпхь шхыныр пIэпыхумэ, мэжалIэу хьэщIэ къокIуэ, жаIэрт.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Табыщ Динарэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ*(1,2,6-нэ нап.)*, Цей Заирэ*(3,4,5-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщI* Къарей Элинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 9.896 ● Заказ №2218